<p><i>Tegesipun, tansah hanggaganjar hangulawisudha, miwah samukawis ingkang sampun kadhawahaken boten kenging oncat.</i></p> <p><i>Lampahing pangadilan hanin-dakaken 'dana wesi asat'. Tegesipun, manawi nalika hangadili punika aming andanakaken kemawon, boten mawi pamrih punapa-punapa. Manawi andha-wahaken paukuman, boten mawi wigih-wigih. Manawi sampun kaleres kokum, boten ngetang putra santana kawula warga, [13] lajeng kapancasa engga amancas thuthukulan.</i></p>	<p><i>bawa laksana.</i> Artinya, senantiasa memberi anugerah mewisuda, serta semua yang sudah diperintahkan tidak boleh menghindar.</p> <p>Jalannya pengadilan melaksanakan <i>dana wesi asat</i>. Artinya, kalau ketika mengadili itu hanya mendanakan saja, tidak dengan maksud apapun. Kalau menjatuhkan hukuman, tidak dengan ragu-ragu. Kalau sudah tepat dihukum, tidak memperhitungkan putra, kerabat, keluarga, langsung diputus, seperti memangkas tumbuh-tumbuhan.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Gendrayana, kala taksih jumeneng wonten ing Ngastina. Jumeneng kala ing taun sangkala :809: dumugi ing taun :824:</i></p> <p><i>Lajeng pindhah dhateng Mamenang kala ing taun sangkala :824: dumugi ing taun :839:</i></p> <p><i>Pambekanipun sarahita. Tegesipun, ulah kaprajuritan. Ingkang kalampah-aken, sagunging wadya bala sami winulang tingkahing ngayuda, miwah patrap pratikeling gelar, pinrih waskitha ing panempuh. Amatuhaken aju unduring baris. Amewahi papangkataning prajurit. Manawi hangajar prang, wonten salebeting praja. Yen sampun luwar ingajar lajeng sami ingupaboga. Wadya gung alit sami kinarsakaken prajurit. Manawi [14] hangajar prang, wonten salebeting praja. Yen sampun luwar ingajar lajeng sami ingupaboga. Wadya gung alit</i></p>	<p>[8] Sang raja Prabu Gendrayana, ketika masih bertahta di Astina, bertahta pada tahun sangkala :809: sampai di tahun :824:</p> <p>Kemudian berpindah ke Mamenang ketika pada taun sangkala :824: hingga pada taun :839:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita</i>. Artinya, berolah keprajuritan. Yang diajarkan, segenap bala pasukan semua diajar tata cara berperang, serta cara menyusun strategi, dimaksudkan agar waspada dalam penyerangan. Membiasakan maju mundurnya barisan. Menambah kepangkatan prajurit. Kalau mengajar berperang di dalam istana. Kalau sudah selesai diajar lalu dijamu makan. Pasukan besar maupun kecil semua diminta (menjadi) prajurit. Kalau mengajar berperang berada di dalaam istana. Kalau sudah selesai diajar lalu semua</p>

<p><i>sami kinarsakaken ing bojanandrawina wonten ing pancaniti. Saben dinten boten kenging lowong. Patraping pangadilan anindakaken dana wesi asat, patrapipun kados ingkang sampun kocap wonten ing ngajeng wau.</i></p>	<p>dijamu makan. Pasukan besar maupun kecil semua dimintadalam pesta makan bersama di dalam <i>Pancaniti</i>. Setiap hari tidak boleh luang. Tata cara pengadilan menjalankan <i>dana wesi asat</i>, tata caranya seperti yang sudah disebut di depan tadi.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang rayi Prabu Gendrayana, nama Prabu Sudarsana, jejuluk Prabu Yudayaka ing Ngastina. Jumeneng-ipun kala taun sangkala :824: [15] dumugi taun :838:</i></p> <p><i>Lajeng ngalih dhusun dhateng ing Jawa winastan ing Ngastina Enggal, kala ing taun sangkala :839: dumugi taun :840:</i></p> <p><i>Pambekanipun tanuhita kaliyan samahita. Tegesipun remen ulah kapandhitan, kaliyan remen ulah tata krami. Inkang kalampahaken anggung amumulang wadya bala kinen sami hanetepi pratingkahing panembah. Sarta kawijang-wijang wijining agaminipun piyambak-piyambak, kadosta: ingkang agami Hendra inggih punapa sapatrapipun panembahipun agami Hendra. Inkang agami Brahma, Wisnu, Kala, Siwah, Bayu, Sambu, patrapipun inggih punapa sapanembahipun piyambak-piyambak. Nadyan Prabu Yudayaka piyambak inggih anetepi ing panembahipun dhateng dewa. [16] Manawi wonten ingkang boten anetepi dhawuhing nata, kaplaksana sarta kagantungan paukuman.</i></p> <p><i>Manawi hangestokaken panembahipun mawi kagantungan ganjaran,</i></p>	<p>[9] Sang raja, adik Prabu Gendrayana, bernama Prabu Sudarsana, bergelar Prabu Yudayaka di Astina. Bertatapada tahun sangkala :824: sampai tahun :838:</p> <p>Kemudian berpindah desa ke Jawa dinamakan di Astina Baru, ketika pada taun sangkala :839: hingga taun :840:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita</i> dan <i>samahita</i>. Artinya, suka berolah kependetaan dan suka berolah tata krama. Yang dijalankan senantiasa mengajar bala pasukan, semua disuruh menepati tata cara peribadatan. Serta dijelaskan intisari agamanya sendiri-sendiri. Seperti, yang beragama Hendra juga seperti apa tata cara peribadatannya agama Hendra. Yang beragama Brahma, Wisnu, Kala, Siwah, Bayu, Sambu, tata caranya juga sebagaimana peribadatannya sendiri-sendiri. Walau-pun Prabu Yudayaka sendiri juga menepati peribadatannya kepada dewa. Kalau ada yang tidak menepati perintah raja, diadili serta diancam hukuman.</p> <p>Jika mematuhi peribadatannya dengan dijanjikan anugerah, sebab</p>

*amargi Prabu Yudayaka hanetepi 'ber budi bawa laksana. Tegesipun anggung anggaganjar angula-wisudha ing wadya balanipun. 'Bawa laksana' hanetepi pangandikanipun ingkang sampun kawijil, boten kenging oncat, utawi merang yen tan kalampahan. Lam-pahing pangadilan taksih hanindak-aken 'sama beda dana dhendha'. Patrapipun kados ingkang sampun kasebut ing ngajeng wau.*

*Sarta hanggelaraken wuwulang tata kramining lalampahan, kapurih sami sageda nawung kridhaning saniskara, [17] kapatrapaken saking 'ilat - ulat - ulah'. Patrapipun ing 'ilat', manawi hamuwus ingkang saged tata tembungipun ingkang titi wicaosan-ipun. Inggang ngati-ati wedaling cacariyosanipun, ingkang saged amawas ing pasemon. Patrapipun ing ulat punika dipun pardi ingkang saged sumeh semunipun. Adamel remen rumaketing pawong mitra. Patrapipun ing 'ulat' ingkang saged tindak tanduk, ing wicara utawi ingkang saged patraping saniskara.*

Prabu Yudayaka menepati *ber budi bawa laksana*. Artinya, senantiasa memberi anugerah mewisuda pada bala pasukannya. *Bawa laksana*, menepati perkataannya yang sudah terucap, tidak boleh menghindar, atau malu jika tidak terlaksana. Jalannya pengadilan masih menjalankan *sama beda dana dhendha*. Tata caranya seperti yang sudah disebutkan di depan tadi.

Serta memaparkan ajaran tata krama dalam kehidupan, diharapkan hendaklah semua bisa melakukan semua pekerjaan, diterapkan dari *ilat - ulat - ulah* (lidah/ucapan - raut muka - perilaku). Caranya, pada 'lidah', kalau berkata hendaklah bisa tertata perkataannya, yang jelas bicaranya, hendaklah hati-hati keluaranya cerita, hendaklah bisa memahami gelagat. Caranya pada 'raut muka', itu diusahakan yang bisa tampak ramah, membuat senang dan akrab teman dan sahabat. Caranya pada 'perilaku', hendaklah bisa dalam bersikap, dalam bicara atau hendaklah bisa bersikap dalam segala hal.

*Panjenenganipun nata Prabu Jayabaya ing Mamenang, kasebut nama Bathara Aji Jayabaya, taksih hangadhaton ing Mamenang. Jumenengipun kala ing taun sangkala :839: dumugi ing taun :873:*

*[18] Ngalih kadhaton dhateng Dhusun Galuh tanah ing Mamenang, taksih winastan ing Mamenang. Pangalihipun kala ing taun sangkala*

[10] Sang raja Prabu Jayabaya di Mamenang, disebut dengan nama Bathara Aji Jayabaya, masih beristana di Mamenang. Bertahta pada taun sangkala :839: sampai taun :873:

Berpindah istana ke Dusun Galuh, tanah di Mamenang, masih disebut di Mamenang. Berpindahnya ketika pada taun sangkala

:873: *dumugi ing taun* :886:

*Pambekanipun tanuhita, kali-yan samahita, miwah sarahita, tuwin darmahita. Tegesipun, remen ulah kapandhitan, remen dhateng pamuja, kaliyan karem ulah tata krami, miwah remen ulah kaprajuritan, tuwin remen ulah pangadilan. Ratu binathara titisipun Sang Hyang Wisnu. Ingang kalampahaken tansah amumulang patraping pamuja, dhateng para putra santana punggawa tuwin para nata. Sarta anggelaraken jangka ning jaman ingkang dereng kalampahan ngantos dumugi ing dinten kiyamat, [19] amargi Prabu Jayabaya sampun puruita dhateng seh saking Arab, wasta Seh Ngali Samsuyen. Winulang rahsaning ngelmi makripat, miwah jangkaning jaman ingkang dereng kalampahan. Lajeng kagelaraken dhateng para putra kawula warga sadaya. Sarta remen hanyelakaken sakathahing para pandhita, tuwin hangraketaken para sujana hanebihaken para angkara murka. Kasusra kasudi-byanipun Prabu Jayabaya, malah para nata ingkang dereng kabawah sami anungkul boten kalawan pinukul prang. Sami kayungyun papoyaning kautaman. Tuhu yen ratu hamimpuni ing aguna, hanglimputi para marta, amatrapaken pari krama, amrih sukarenanipun sak siningrat sadaya. [20] Yen nalika mukul praja boten kalawan rekasa, sareh boten kasesa, ingkang mongka dadameling ngayuda, wiwit saking basa krama, wekasan sami anembah, utawi lampah-*

:873:sampai taun :886:

Perwatakannya *tanuhita* dan *samahita* serta *sarahita* dan *darmahita*. Artinya, suka berolah kependetaan, suka pada (kegiatan) pemujaan, serta gemar berolah tata krama, juga suka berolah keprajuritan, serta suka berolah pengadilan. Raja *binathara* (didewa-kan) titisan Dewa Wisnu. Yang dijalankan senantiasa mengajarkan tatacara pemujaan, kepada para putra, kerabat, pejabat, serta para raja. Juga memaparkan jangkauan zaman yang belum dilalui hingga sampai pada hari kiamat, sebab Prabu Jayabaya sudah berguru kepada ulama' dari Arab, bernama Syeh Ngali Samsuyen. (Prabu Jayabaya) diajar hakekat ilmu makrifat serta gambaran zaman yang belum dijalani. Kemudian dipaparkan kepada para putra, hamba dan semua warga. Serta suka mendekatkan banyak para pendeta, serta merekatkan orang-orang yang baik, menjauhkan para angkara murka. Termasyur kewibawaan Prabu Jayabaya, bahkan para raja yang belum dikuasai semua takhluk bukan karena dikalahkan dengan peperangan. Mereka kagum atas prinsip kebajikannya. Sungguh merupakan raja yang sempurna dalam ilmu, menguasai kearifan, menepikan kesabaran, demi kebahagiaan seluruh isi alam semesta. Jika ketika menyerang kerajaan tidak dengan susah payah, perlahan tidak tergesa-gesa. Yang dijadikan sebagai senjata

*lampahing ngagesang punika wiwitan sami papathon sadaya.*

*Lampahing pangadilan hanin-dakaken sama beda dana dhendha, utawi dana wesi asat. Amargi Prabu Jayabaya hanetepi 'ber budi bawa laksana', kados ingkang sampun kasebut ing ngajeng wau. Kaliyan pauku-manipun wiwit boten kapesthi kokumipun, mawi kawijang wijining prakawis, awrat enthengipun ing dodosan, kadosta: tiyang colong pendhet, punika aming kawanakaken kemawon. Saminipun sami amawrat kathah kedhipun ingkang kapendhet, [21] kadosta: kapipotong sapanunggilanipun, punika aming amanekaken sarta kadhendha kemawon. Inggang kokum pejah punika inggih ingkang rajapejah kemawon, sapanunggilanipun. Sadaya sami kapathokan sadaya dening Bathara Aji Jayabaya, supados lestantuning karaharjaning nagari, amargi Prabu Jayabaya sampun kagungan pipiritan saking tanah Arab. Dados, Bathara Aji Jayabaya punika ing batos sampun islam, ananging ing lahiripun taksih anasabi. Mila sangsaya kasub kawignyanipun.*

*Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Yudayaka, nama Prabu Kijing-wahana, ajujuluk nama Prabu Sari-wahana, ing Ngastina. Jumenengipun kala ing taun sangkala :840: dumugi ing taun :858:*

perang, dimulai dari bahasa krama, akhirnya semua menyembah, atau tata laku kehidupannya itu pada mulanya semua saling memukul.

Jalannya pengadilan menjalankan *sama beda dana dhendha*, atau *dana wesi asat*. Sebab Prabu Jayabaya menepati *ber budi bawa laksana*, seperti yang sudah disebut di depan tadi. Dan hukumannya mulai tidak ada kepastian dihukumnya, dengan diper-jelas bibit perkaranya, berat ringannya dosa. Seperti, orang mencuri, itu hanya dihutankan saja. Persamaannya, semua menimbang banyak sedikitnya yang dicuri. Kadosta, ..... *kapipotong??*..... dan lain sebagainya, itu hanya ....*amanekaken???* ..... serta hanya didenda. Yang dihukum mati itu juga hanya yang berupa pembunuhan, dan lain sebagainya, semua ditentukan oleh sang raja Bathara Aji Jayabaya, supaya lestari kesejahteraan negara. Sebab Prabu Jayabaya sudah mempunyai teladan dari tanah Arab. Jadi, Bathara Aji Jayabaya itu dalam batin sudah Islam, tetapi dalam lahirnya masih menutupi. Maka semakin termasyur kehebatannya

[11] Sang raja, putra Prabu Yudayaka, bernama Prabu Kijingwahana, bergelar nama Prabu Sariwahana di Astina. Bertahta pada taun sangkala :840: sampai taun :858:

<p>[22] <i>Lajeng ngalih kadhaton dhateng Malawapati, tanah ing Medhangkamulan, kala ing taun sangkala :858: dumugi ing taun :860:</i></p> <p><i>Pambekanipun samahita kaliyan darmahita. Tegesipun, remen ulah tata krami kaliyan remen ulah pangadilan. Inggang dipun lampahaken anggung mumulang patraping tata krami, saged hangecani manahing sasami, amrih suka pirenaning wadya bala miwah sageda hamiluta dhateng para nata ingkang mancapraja, wekasan sami lulut asih sadaya, sarta anebihaken angkara murka, hanyelakaken para sujana tuwin para pandhita, [23] utawi remen hanglempakaken sakathahing cariyos, kaurutaken lampahipun. Para pujangga sakancanipun juru citra sami kinen hanggarap wonten ing papan.</i></p> <p><i>Lampahing pangadilan anindakaken sama beda dana dhendha, kaliyan dana wesi asat. Menggah patrapipun kados ingkang sampun kasebut ing ngajeng wau.</i></p>	<p>Kemudian berpindah istana ke Malawapati, di wilayah Medangkamulan, ketika pada taun sangkala :858: sampai tahun :860:</p> <p>Perwatakannya <i>samahita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, suka berolah tata krama dan suka berolah pengadilan. Yang dijalankan senantiasa mengajarkan tatacara bertata krama, bisa mengenakan hati sesama demi kesenangan dan kenyamanan bala pasukan, serta hendaklah bisa memikat hati kepada para raja yang luar daerah, (sehingga) akhirnya semua lekat dengan penuh rasa kasih, serta menjauhkan keangkaramurkaan, mendekati orang-orang yang baik serta para pendeta. Atau suka mengumpulkan banyak cerita, diurutkan kisahnya. Para pujangga beserta kawan-kawannya ahli lukis diperintahkan untuk mengerjakannya pada suatu tempat.</p> <p>Jalannya pengadilan menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>, serta <i>dana wesi asat</i>. Adapun tatacaranya seperti yang sudah disebutkan di depan tadi.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Sariwahana nama Prabu Ajidarma ing Malawapati. Jumenengipun nata kala ing taun sangkala :860: dumugi ing taun :866:</i></p> <p><i>Pambekanipun samahita kaliyan darmahita. Tegesipun remen ulah tata krami kaliyan remen ulah pangadilan. Inggang kalampahaken [24] anggung amumulang patraping tata krami.</i></p>	<p>[12] Sang raja, putra Prabu Sariwahana, bernama Prabu Ajidarma di Malawapati. Bertahta menjadi raja pada taun sangkala :860: sampai tahun :866:</p> <p>Perwatakannya <i>samahita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, suka berolah tata krama dan suka berolah pengadilan. Yang dijalankan senantiasa mengajarkan tatacara bertata-krama. Bisa</p>

<p><i>Saged hangecani manahing liyan, utawi andhap asor, tepa-tepa ing budi. Para wadya balanipun boten wonten ingkang sambat ngadhuh ngeres, amargi sami kalimputan dana paramartaning ratunipun. Mila wadya balanipun gung alit sami hangulahaken kagunan kasantikan, kasusastran, temah sami limpat ing <b>cipta sasmita</b>.</i></p> <p><i>Lampahing pangadilan taksih hanindakaken sama beda dana dhendha, utawi dana wesi asat. Tuwin anetepi 'ber budi bawa laksana', menggah patrapipun kados ingkang sampun kasebut ing ngajeng.</i></p>	<p>mengenakkan hati orang lain, atau rendah hati, tenggang rasa di hati. Para bala pasukannya tidak ada yang mengeluh, mengaduh, memprihatinkan, karena semua terlimpahi derma kemurahan rajanya. Maka bala pasukannya, besar-kecil, semua berolah kepandaian, kesaktian, kesusastraan, hingga semua mahir dalam hal berolah pikir.</p> <p>Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>, atau <i>dana wesi asat</i>. Serta menepati <i>ber budi bawa laksana</i>. Adapun tatacaranya seperti yang sudah disebutkan di depan.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Ajidarma nama Prabu Astradarma, ajujuluk nama Prabu Purusangkara, hangalih kedhaton dhateng ing Ngastina malih. [25] Jumeneng nata kala ing taun sangkala :866: dumugi ing taun :868:</i></p> <p><i>Pambekanipun sarahita. Tegesipun remen ulah kaprajuritan. Inggang kalampahaken dhateng para kadang miwah wadya balanipun sadaya, sami winulang pratingkahing aprang, pratingkah-ing gelar, sarta weweka dhateng samukawis. Patrap-patraping pra-tingkah, ngati-ati pranataning kraton. Para wadya balanipun temah sami widagda ing ngayuda. Putus ing reh parikrama kairingan sasaming nata. Lampahing pangadilan taksih anindakaken sama beda dana dhendha, sarta anindakaken dana wesi hasat. Menggah patrapipun inggih taksih</i></p>	<p>[13] Sang raja, putra Prabu Ajidarma, bernama Prabu Astradarma, bergelar nama Prabu Purusangkara, berpindah istana ke Astina lagi. Bertahta menjadi raja pada tahun sangkala :866: sampai tahun :868:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita</i>. Artinya, gemar berolah keprajuritan. Yang diberlakukan pada para saudaranya serta semua bala pasukannya, semua diajar tatacara berperang, tatacara menyusun strategi, serta mengatasi semua permasalahan. Tatacara bertingkah laku, berhati-hati dalam penataan istana. Para bala pasukannya akhirnya semua tangguh dalam peperangan. Sempurnanya dalam segala kebijakan disegani sesama raja. Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>, serta menjalankan <i>dana</i></p>

<p><i>kados ingkang kasebat ing ngajeng wau.</i></p>	<p><i>wesi asat.</i> Adapun tatacaranya juga masih seperti yang disebut di depan tadi.</p>
<p>[26] <i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Jayabaya, nama Prabu Jayamijaya ing Mamenang. Jumeneng-ipun nata kala ing taun sangkala :886: ? (868) dumugi ing :890:</i></p> <p><i>Pambekanipun samahita kali-yan darmahita. Tegesipun remen ulah tata krami, kaliyan remen ulah pangadilan. Inggang kalampahaken anggung amamulang patraping tata krami, wedaling lesan, obahing badan. Sarta tepa-tepa, saged hangecani manahing liyan. Utawi hangati-ati wedaling wuwus, boten tilar wiweka. Hanengenaken ulah panglepasan. Sami putus salwiring suba sita, kaliyan amurih kara-harjaning nagari. [27] Sami tinata tataning pagriyan sauruting marga-marga, sami winangun binusana. Wawengkoning punggawa sinungan wisma ageng panggenaning wong lang-lang pringga. Pamengkuning wadya bala sadaya pinatut pamatahing karya. Boten wor suh sakathahing pada-melan. Sarta aremen hanyelakaken para sarjana sujana, sami kaecakaken manah-ipun. Anebihaken angkara murka, utawi pinacak ing papacuwan. Manawi wadya balanipun wonten ingkang angkara murka, lajeng winasesa, boten kalilan hangambah salebeting nagari. Sarta pinidana saengga ambucali ama. Utawi kados ambubuti dhukut katut</i></p>	<p>[14] Sang raja, putra Prabu Jayabaya, bernama Prabu Jayamijaya di Mamemang. Bertahta menjadi raja pada tahun sangkala :886: ? (868) sampai pada :890:</p> <p>Perwatakannya <i>samahita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, suka berolah tata krama, serta suka berolah pengadilan. Yang dijalankan senantiasa mengajarkan tatacara bertata-krama, keluarnya perkataan, geraknya badan, serta tenggang rasa, bisa mengenakan hati orang lain. Atau berhati-hati keluarannya ucapan, tidak meninggalkan kehati-hatian. Mementingkan berolah ilmu kesempurnaan. Semua menguasai segala kesantunan, serta mengupayakan kesejahteraan negara. Tata bangunan rumah ditata sepanjang jalan, semua dibangun dan dihias. Di lingkungan pejabat diberi bangunan besar tempat beristirahat bagi orang yang melakukan perjalanan. Dalam memperlakukan bala pasukan semua disesuaikan dengan penugasan pekerjaan. Tidak bercampur aduk dalam berbagai pekerjaan. Serta suka mendekatkan para cerdik cendekia dan orang yang baik, semua diendahkan hatinya. Menjauhkan angkara murka, atau diatur dengan peraturan. Kalau bala pasukannya ada yang angkara murka, lalu ditangkap, tidak diijinkan</p>

<p><i>malah oyotipun, boten wonten ingkang kantun. Lemat pambirating durjana dursila, sirna sami sakala. Manawi wonten wadya bala ingkang idhep kasujanan, [28] angidhep dhateng paparentahan, madhep dhateng sasembahan, punika anggung tampi ganjaran, taksih kinula wisudha. Mila wadya balanipun kathah ingkang sami nawung kridha sambegana. Tegesipun, ulah panglepasan kaliyan ulah kaengetaning manah. Prabu Jayamijaya anetepi 'ber budi bawa laksana'. Lampahing pang-adilan taksih anindakaken sama beda dana dhendha, utawi dana wesi hasat. Menggah patrapipun kados ingkang kasebut ing ngajeng wau.</i></p>	<p>menginjakkan kaki di dalam negara, serta dihukum bagaikan membuang hama. Atau seperti mencabut tumbuhan pengganggu, tercerabut hingga beserta akarnya, tidak ada yang ketinggalan. Halus dalam memberantas penjahat dan pengacau, semua musnah seketika. Kalau ada bala pasukan yang memahami kebaikan manusia, memahami tentang pemerintahan, taat kepada pimpinan, itu senantiasa mendapatkan anugerah, masih ditingkatkan kedudukannya. Maka bala pasukannya banyak yang giat bekerja mengatasi segala gangguan. Artinya, berolah ilmu kesempurnaan dan berolah daya ingat dalam hati. Prabu Jayamijaya menepati <i>ber budi bawa laksana</i>. Jalannya pengadilan, masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i> atau <i>dana wesi asat</i>. Adapun tatacaranya seperti yang sudah disebutkan di depan tadi.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Jayamijaya, nama Prabu Jayamisesa ing Mamenang. Jumenengipun nata kala ing taun sangkala :890: dumugi [29] ing taun :897:</i></p> <p><i>Pambekanipun sarahitakaliyan darmahita. Tegesipun, karem ulah kaprajuritan, kaliyan remen ulah pangadilan. Inggang kalampahaken anggung amemulang pratingkahing aprang, miwah patraping gelar satunggal-tunggalipun, kamatuhaken sagunging wadya bala sadaya. Ananging Prabu Jayamisesa boten</i></p>	<p>[15] Sang raja, putra Prabu Jayamijaya, bernama Prabu Jayamisesa di Mamenang. Bertahta menjadi raja pada taun sangkala :890: sampai tahun :897:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, gemar berolah keprajuritan, serta suka berolah pengadilan. Yang dijalankan senantiasa mengajarkan tatacara berperang, serta tatacara mengatur strategi satu persatu. Diibiasakan segenap bala pasukannya. Tetapi Prabu Jayamisesa tidak hanya melulu berolah kepra-</p>

<p><i>angamungaken ulah kaptrajuritn kemawon, mawi ngrangkep remen ulah kasusastran, hangimpuni sakathahing cariyos ageng cariyos alit, sami kaklempak-aken dados satunggal. Lajeng kaurutaken ing lalampahanipun. Mila remen hanyelakaken para pandhita, [30] tuwin para sujana sarjana, ingkang sami tadhah kagunan, sami rinaketaken. Inkang kinathik ipe nata, wasta Resi Sucitra, kaliyan hangathik para juru citra turunipun Empu Panuluh, kinen amemulang sakathahing aji jaya kawijayan. Miwah cakeping kawignyan, kasusastran, ginelaraken dhateng saguning wadya bala, sadaya sami widagda. Lampahing pangadilan taksih anindakaken sama beda dana dhendha. Utawi menggah patrapipun kados ingkang kasebat ing ngajeng wau.</i></p>	<p>juritn saja, dengan merangkap suka berolah kesusastaan. Menghimpun banyak cerita besar maupun cerita kecil, semua dikumpulkan menjadi satu. Kemudian diurutkan berdasarkan pengisahannya. Maka suka mendekati para pendeta serta para orang-orang yang baik dan para cerdas cendekia, yang siap mengolah kepandaian, semua direkatkan. Yang dijadikan ipar raja, bernama Resi Sucitra. Juga membentuk para juru gambar keturunan Empu Panuluh, disuruh mengajarkan berbagai ilmu kesaktian dan kedigdayaan. Serta segenap keahlian kesusastaan, dipaparkan pada segenap bala pasukan, semua menjadi pandai. Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>. Atau mengenai tatacaranya seperti yang disebutkan di depan tadi.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Purusangkara, nama Prabu Anglingdarma, jejuluk nama Prabu Ajidarma ing Malawati, tanah ing Mamenang. Jumenengipun kala ing taun sangkala :890: dumugi ing taun :920:</i></p> <p><i>Pambeganipun tanuhita kaliyan darmahita. [31] Tegesipun, karem ulah kapandhitan, miwah remen ulah pangadilan. Inkang kalampahaken anggung amemulang patrap-patraping panembah, kaliyan anggelaraken kautamaning nata, kadosta:</i></p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. <i>Asring angganjar;</i></li> <li>2. <i>Remen angula wisudha ing wadya</i></li> </ol>	<p>[16] Sang raja, putra Prabu Purusangkara, bernama Prabu Anglingdarma, bergelar nama Prabu Ajidarma di Malawapati, wilayah di Mamenang. Bertahta pada tahun sangkala :890: sampai tahun :920:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, gemar berolah kependetaan, serta suka berolah pengadilan. Yang dijalankan senantiasa mengajarkan tatacara peribadatan, dengan memaparkan keutamaan raja, seperti:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. sering memberi anugerah;</li> <li>2. suka mengangkat jabatan para</li> </ol>

<p><i>bala;</i></p> <p>3. <i>Remen angapura ing adosa;</i></p> <p>4. <i>Remen amranata lampah-lampahing nagari.</i></p>	<p>bala pasukan;</p> <p>3. suka memaafkan yang berdosa</p> <p>4. suka menata tatacara pemerintahan.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Anglingdarma, anama Prabu Anglingkusuma, ing Bojanegara. Jumenengipun kala ing taun sangkala :920: dumugi ing taun :923:</i></p> <p><i>Pambeganipun tanuhita kaliyan sarahita, tuwin darmahita. Teges-ipun, remen ulah kaprajuritan, [32] akaliyan karem ulah kapandhitan, akaliyan ulah tata krami amurih karaharjaning nagari kaliyan lestantuning panembah. Inggang kalampahaken anggelaraken wewulang kadamning budi. Hanyelaka-ken para tapa, hang-raketaken kawula warga sami pinrih suka. Patraping pangadilan inggih taksih hanindakaken sama beda dana dhendha.</i></p>	<p>[17] Sang raja, putra Prabu Anglingdarma, bernama Prabu Anglingkusuma di Bojanegara. Bertahta pada tahun sangkala :920: sampai taun :923:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita</i> dan <i>sarahita</i>, serta <i>darmahita</i>. Artinya, suka berolah keprajuritan, serta gemar olah kependetaan dan olah tata krama untuk kesejahteraan negara dan kelestarian peribadatan. Yang dilakukan memaparkan ajaran tentang kebaikan hati. Mendekatkan para pertapa, merekatkan (hubungan) semua keluarga agar senang. Pelaksanaan pengadilan juga masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Anglingdarma, ingkang rayi Prabu Anglingkusuma, nama Prabu Danurwenda, nagari ing Kartanagara. Jumenengipun kala ing taun sangkala :920: dumugi ing taun :923:</i></p> <p><i>Pambeganipun sarahita kaliyan darmahita. Tegesipun, karem ulah kaprajuritan, [33] kaliyan remen ulah dhateng pangadilan.</i></p> <p><i>Inggang kalampahaken para wadya bala sami winulang tingkah-ing gayuda, miwah patrap pratikeling gelar. Pinrih waskitha ing panempuh.</i></p>	<p>[18] Sang raja, putra Prabu Anglingdarma, adik Prabu Anglingkusuma, bernama Prabu Danurwenda, Kerajaan Kartanagara. Bertahta pada taun sangkala :920: sampai taun :923:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, gemar berolah keprajuritan, serta suka berolah pada pengadilan.</p> <p>Yang dilakukan, para bala pasukan semua diajar tatacara berperang, serta tatacara mengatur strategi perang. Diharapkan waspada</p>

<p><i>Amatuhaken aju unduring baris. Amewahi papang-kataning prajurit, sami ginala-gala ing ngulik. Manawi hangajar prang dhateng ing wana ngiras cangkrama. Sarta tansah ambingahaken wadya bala santana sadaya, amargi Prabu Danurwenda anetepi 'ber budi bawa laksana'. Tegesipun, tansah angganjar angula-wisudha, miwah samuka-wis ingkang sampun kadhawahaken boten kenging oncat. Lampahing pangadilan anindakaken 'dana wesi asat'. Tegesipun, manawi nalika angadili punika aming kadanakaken kemawon. [34] Boten mawi pamrih punapa-punapa. Manawi andhawahaken <b>paukuman</b> boten mawi <b>wigah</b> wigih. Manawi sampun kaleres kokum, boten mawi ngetang putra santana kawula warga.</i></p>	<p>dalam peperangan. Membiasakan maju mundurnya barisan. Menambah kepangkatan prajurit. Semua digembleng dalam ulah kecerdikan. Kalau mengajari berperang datang ke hutan sekaligus sambil berrekreasi. Serta senantiasa menggembirakan bala pasukan dan semua kerabat, sebab Prabu Danurwenda menepati <i>ber budi bawa laksana</i>. Artinya, selalu memberi anugerah menaikkan pangkat, serta segala yang sudah diucapkan tidak boleh menghindar. Jalannya pengadilan menjalankan <i>dana wesi asat</i>. Artinya, kalau pada saat mengadili, itu hanya didanakan saja. Tidak disertai maksud apapun. Kalau menjatuhkan hukuman, tidak dengan ragu-ragu. Jika sudah tepat terhukum, tidak dengan menghiraukan putra, kerabat, (maupun) keluarga.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Anglingkusuma, nama Prabu Gandakusuma ing Malawapati. Jumenengipun kala ing taun sangkala :920: dumugi taun :923:</i></p> <p><i>Pambeganipun 'tanuhita' kaliyan 'darmahita'. Tegesipun remen ulah dhateng ing kapandhitan, akaliyan pangadilan, utawi tata krama. Inggang kalampahaken anggung amumulang dhateng wadya bala, kinen anetepi [35] pratingkahing panembah. Nadyan Prabu Gandakusuma piyambak inggih anetepi ing panembahipun dhateng dewa. Manawi wonten ingkang boten anetepi dhawuhing nata kaplaksana</i></p>	<p>[19] Sang raja, putra Prabu Anglingkusuma, bernama Prabu Gandakusuma di Malawapati. Bertahta pada tahun sangkala :920: sampai tahun :923:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, suka berolah kependetaan serta pengadilan, atau tata krama. Yang dijalankan senantiasa mengajarkan kepada bala pasukan, disuruh menepati tatacara peribadatan. Walaupun Prabu Gandakusuma sendiri juga menepati peribadatannya kepada dewa. Kalau ada yang tidak menepati perintah raja, ditangkap dan diancam hukuman. Jika</p>

<p>sarta kagantungan paukuman. Manawi hangestokaken ing panembahipun, kagantungan ganjaran. Amargi Prabu Gandakusuma anetepi 'bawa laksana' (ber budi ?). Tegesipun, anggung angganjar angula-wisudha ing wadya-balanipun. 'Bawa laksana', anetepi pangandikanipun ingkang sampun kawijil, boten kening uncat. Utawi merang yen tan kalampahan. Lampahing pangadilan taksih anindakaken 'sama beda dana dhendha', patrapipun kados ingkang kasebat ing ngajeng wau.</p> <p>[36] Sarta anggelaraken wuwulang tata kramining lampah-lampah. Kapurih sami sageda nawung kridha saniskara, kapatrapaken saking 'ilat-ulat-ulah'. Patrapipun ing 'ilat' manawi amuwus ingkang sageda ing tembungipun, ingkang titi wiraosipun, ingkang angati-ati wedaling cacariyosipun. Inggang saged amawas ing pasemon, sapatrapipun ing ulat, punika dipun pardi ingkang saged sumeh semunipun, adamel resep rumaketing pawong mitra. Patrapipun ing ulah, ingkang saged tindak-tanduking wicara, utawi ingkang saged patraping saniskara.</p>	<p>melaksanakan peribadatnya, dijanjikan anugerah. Sebab Prabu Gandakusuma menepati <i>ber budi bawa laksana</i>. Artinya, senantiasa memberi anugerah mewisuda bala pasukannya. <i>Bawa laksana</i>, menepati perkataannya yang sudah terucap, tidak boleh menghindar. Atau malu jika tidak terlaksana. Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>. Tatacaranya seperti yang disebutkan di depan tadi.</p> <p>Serta memaparkan ajaran tata krama berperilaku. Disuruh hendaklah semua bisa melakukan segala pekerjaan, diterapkan dari <i>ilat – ulat – ulah</i> (lidah – raut muka – sikap). Tatacara dalam lidah, kalau bicara hendaklah kata-katanya yang jelas maksudnya, hendaklah berhati-hati dalam mengeluarkan cerita. Hendaklah bisa memahami gelagat. Tatacara dalam raut muka, itu hendaklah diusahakan yang bisa tampak cerah, membuat senang dan akrabnya teman dan saudara. Tatacara dalam sikap hendaklah bisa bertutur kata atau bisa bersikap (baik) dalam segala hal.</p>
<p>[37] Panjenenganipun Prabu Kusumawicitra. Ajujuluk nama Prabu Aji Pamasa, ingkang putra Prabu Jayamisesa ing Mamenang. Jumenengipun kala ing taun sangkala :924: dumugi ing taun :927: Sareng dumugining ing taun :928:</p>	<p>[20] Sang Prabu Kusumawicitra, bergelar nama Prabu Ajipamasa, putra Prabu Jayamisesa di Mamenang. Bertahta pada tahun sangkala :924: sampai tahun :927: Begitu sampai tahun :928:</p>

<p><i>ngalih kadhaton ing Pengging dumugi taun :952:</i></p> <p><i>Pambeganipun 'sarahita' kaliyan 'darmahita'. Tegesipun, remen ulah kaprajuritan, kaliyan remen ulah pangadilan. Inggang kalampahaken dhateng para kadang miwah wadya-balanipun sadaya sami winulang pratingkahing aprang, utawi pratikeling gelar. Sarta wiweka dhateng samukawis patrap-patraping pratingkah, ngati-ati patrap-patraping pratingkah, ngati-ati panataning karaton. Para wadya-balanipun temah sami widagda ing ngayuda, putus ing reh parikrama, kaeringan sasaming nata. [38] Lampahing pangadilan taksih anindakaken 'sama beda dana dhendha', sarta anindakaken 'dana wesi asat'. Menggah patrapipun inggih taksih kados inggang kasebut ing ngajeng wau.</i></p>	<p>berpindah istana di Pengging sampai taun :952:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, suka berolah keprajuritan dan suka berolah pengadilan. Yang dijalankan kepada para saudara dan bala pasukannya, semua diajar tatacara berperang atau cara mengatur strategi. Wiweka (cermat) dalam segala tatacara dalam bertingkah laku, berhati-hati dalam bersikap. Berhati-hati dalam penataan istana, sehingga para bala pasukannya tangguh dalam peperangan, menguasai ilmu pemerintahan, disegani sesama raja. Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>, serta menjalankan <i>dana wesi asat</i>. Adapun tataranya juga masih seperti yang disebut di depan tadi.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata inggang putra Prabu Kusumawicitra, ajujuluk nama Prabu Citrasana. Jumenengipun kala taun sangkala :953: dumugi ing taun :960:</i></p> <p><i>Pambeganipun 'tanuhita' kaliyan 'darmahita'. Tegesipun, remen ulah kapandhitan akaliyan remen ulah tata krama, tuwin remen ulah pangadilan. Inggang kalam-pahaken anggung amamulang patraping tata krama. [39] Saged hangecani manahing liyan. Utawi, andhap asor, tepa-tepa ing budi. Para wadya-balanipun boten wonten inggang sambat ngadhuh-ngeses, amargi sami kalimpudan dana</i></p>	<p>[21] Sang raja, putra Prabu Kusumawicitra, bergelar nama Prabu Citrasana. Bertahta pada tahun sangkala :953: sampai tahun :960:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, suka berolah kependetaan, dan suka berolah tata krama, serta suka berolah pengadilan. Yang dilakukan senantiasa mengajarkan tatacara bertata krama. Bisa mengenakan hati orang lain, atau rendah hati, tenggang rasa dalam hati. Para bala pasukannya tidak ada yang mengeluh, mengaduh-merintih, sebab semua terlimpahi derma kederma-</p>

<p><i>paramartaning ratunipun. Mila wadyabalanipun gung alit sami angulahaken kagunan kasantikan, kasusastran, temah sami limpat ing cipta-sasmita. Lampahing pangadilan taksih hanindakaken 'sama beda dana dhendha', utawi 'dana wesi asat', tuwin anetepi 'ber budi bawa laksana. Menggah patrapipun kados ingkang kasebut ing ngajeng.</i></p>	<p>wanan rajanya. Maka bala pasukannya besar-kecil semua berolah ilmu pengetahuan, kesaktian, kesusastraan, hingga semua mahir dalam hal berolah pikir dan berolah rasa. Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i> atau <i>dana wesi asat</i>, serta menepati <i>ber budi bawa laksana</i>. Adapun tatacaranya seperti yang disebut di depan.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Citrasoma, ajujuluk nama Prabu Pancadriya ing Pengging. Jumenengipun kala ing taun sangkala :961: dumugi ing taun :979:</i></p> <p>[40] <i>Pambekanipun 'tanuhita' kaliyan 'darmahita'. Tegesipun, remen ulah kapandhitan akaliyan remen ulah pangadilan. Inggang kalampahaken anggung amumulang patraping tata krami, kedhaling lesan, obah osiking badan, sarta tepa-tepa saged hangecani manahing kawula. Utawi hangati-ati wedaling wuwus. Boten tilar wiweka. Hanengenaken ulah panglepasan. Sami putus salwiring suba sita. Akaliyan amurih karaharjaning nagari, samya tinata tataning pagriyan. Saben sawawengkoning punggawa sinungan wisma ageng panggenaning wong langlang pringga. Pamengkuning wadya bala, sadaya sami pinatut patraping karya.</i></p> <p>[41] <i>Boten wor suh sakathahing padamelan. Sarta remen hanyelakaken para sujana sarjana, sami kaecakaken manah-ipun. Anebihaken angkara murka. Utawi sami pinacak ing</i></p>	<p>[22] Sang raja, putra Prabu Citrasoma, bergelar nama Prabu Pancadriya di Pengging. Bertahta pada tahun sangkala :961: sampai tahun :979:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, suka berolah kependetaan dan suka berolah pengadilan. Yang dilakukan senantiasa mengajarkan tatacara bertata-krama, ucapan lisan, gerak sikap badan, serta tenggang rasa bisa mengenakan hati rakyat. Atau berhati-hati keluarnya ucapan, tidak meninggalkan kecermatan. Mementingkan olah ilmu kesempurnaan. Semua menguasai segala tatakasantunan. Serta mengupayakan kesejahteraan negara. Pengaturan rumah tinggal ditata. Setiap lingkungan pejabat diberi rumah besar tempat (beristirahat bagi) orang yang melakukan perjalanan jauh. Cara menangani bala pasukan, semua dipekerjakan secara pantas. Tidak bercampur aduk segala pekerjaan. Serta suka mendekatkan orang-orang</p>

<p><i>papacuhan. Manawi wonten wadya-balanipun ingkang angkara murka, lajeng sami winasesa. Boten kalilan angambah salebeting nagari. Sarta pinidana saengga ambucali ama. Utawi kados ambubuti dhukut katut oyotipun, boten wonten ingkang kantun. Lambat pambirating durjana dursila sirna sami sakala. Manawi wonten wadya bala ingkang idhep dhateng kasujanan hangidhep paparentahan punika anggung tampi ganjaran, tansah kinulawisudha. [42] Lampahing pangadilan taksih anindakaken 'sama beda dana dhendha', utawi 'dana wesi asat'. Menggah patrapipun inggih kados ingkang kasebut ing ngajeng.</i></p>	<p>yang baik dan para cendekiawan, semua diennakn hatinya. Menjauhkan keangkaramurkaan. Atau semua diatur dengan peraturan. Jika ada bala pasukannya yang angkaramurka, segera semua diberantas, tidak diijinkan meng-injakkan kaki di dalam negara. Serta dihukum bagaikan membuang hama. Atau seperti mencabut rerumputan beserta akarnya, tidak ada yang tertinggal. Halus cara memberantas para penjahat dan pelanggar kesusilaan sehingga lenyap seketika. Jika ada bala pasukan yang tahu bersikap baik, memahami tentang urusan pemerintahan, itu senantiasa mendapatkan anugerah, senantiasa diangkat kedudukannya. Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i> atau <i>dana wesi asat</i>. Adapun tatacaranya juga seperti yang disebutkan di depan.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Citrasoma, ajejuluk nama Prabu Pancadriya, ing Pengging. Jumenengipun kala ing taun sangkala :961: dumugi ing taun :979:</i></p> <p><i>Pambekaniipun 'tanuhita' kaliyan 'darmahita'. Tegesipun, remen ulah kapandhitan utawi karem ulah tata krama, tuwin dhateng para pangadilan. Inggung kalampahaken anggung amamulang patrap-patraping panembah, kaliyan anggelaraken kautamaning nata. Kadosta:</i></p> <p><i>1. Asring anggaganjar kaliyan remen;</i></p>	<p>[23] Sang raja, putra Prabu Citrasoma, bergelar nama Prabu Pancadriya di Pengging. Bertahta pada tahun sangkala :961: sampai taun :979:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, suka berolah kependetaan atau suka berolah tata krama, serta pada pengadilan. Yang dilakukan senantiasa mengajarkan tatacara peribadatan dan memaparkan keutamaan raja, seperti:</p> <p>1. sering memberi anugerah dengan senang hati;</p>

<p>2. Ulah angula-wisuda ing wadya bala;</p> <p>3. Remen [43] angapura ing ngadosa;</p> <p>4. Remen amranata lampah-lampahing nagari.</p> <p>Lampahing pangadilan taksih anindakaken 'sama beda dana dhendha'.</p>	<p>2. suka mewisuda bala pasukannya;</p> <p>3. suka memaafkan yang berdosa;</p> <p>4. suka menata tata aturan negara.</p> <p>Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Anglingdriya, ajujuluk nama Prabu Sindhula, ing Galuh. Jumenengipun kala ing taun sangkala :982: dumugi ing taun :1019:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'tanuhita' kali-yan 'samahita'. Tegesipun, remen ulah kapandhitan, tuwin remen ulah tata krami. Inkang dipunlampah-aken anggung amumulang patraping tata krami. Saged angecani manahing sasami, amrih suka pirenaning wadya bala, [44] miwah saged amiluta dhateng para nata manca praja. Wekasan sami lulut asih sadaya. Sarta anebihaken para angkara murka, hanyelakaken para sujana tuwin para pandhita. Utawi remen anglempakaken saka-thahing carios kaurutaken lalampahanipun. Para pujangga sakancanipun juru citra sami kinen hanggarap wonten ing papan.</i></p> <p><i>Lampahing pangadilan taksih anindakaken 'sama beda dana dhendha', kaliyan 'dana wesi asat'.</i></p>	<p>[24] Sang raja, putra Prabu Anglingdriya, bergelar nama Prabu Sindhula, di Galuh. Bertakhta pada taun sangkala :982: sampai tahun :1019:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita</i> dan <i>samahita</i>. Artinya, suka berolah kependetaan serta suka berolah tata krama. Yang dilakukan senantiasa mengajarkan tatacara bertata krama. Bisa mengenakan hati sesama, demi senang dan gembiranya bala pasukan, serta bisa memikat pada para raja manca negara. Akhirnya semua menjadi rekat penuh kasih. Serta menjauhkan para angkara murka, mendekatkan orang-orang yang baik serta para pendeta. Atau suka mengumpulkan banyak cerita, diurutkan pengisahannya. Para pujangga beserta kawan-kawannya juru gambar mereka disuruh mengerjakan pada suatu tempat.</p> <p>Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i> dan <i>dana wesi asat</i>.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Dipanata, ajujuluk nama</i></p>	<p>[25] Sang raja, Putra Prabu Dipanata, bergelar nama Prabu Baka,</p>

<p><i>Prabu Baka, ing Parambanan. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1015: dumugi ing taun :1017:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'sarahita'. Tegesipun, remen ulah kaprajuritan. [45] Inggang kalampahaken dhateng para wadya kawula warga, sami kagulang pratingkahing paprangan santosaning ngayuda, sarta tataning wadya bala. Titi dhateng wawengkoning karaton. Ngati-ati dhateng lebet wedaling kagunganing nata. Manawi angga-ganjar dumunung ing damelipun. Lampahing pangadilan amung anindakaken 'dana wesi asat'. Patraping dana, manawi anindak-aken pangadilan aming kadanaka-ken kemawon. Boten mawi pamrih punapa-punapa. 'Wesi asat' patrap-ipun manawi anindakaken pauku-man boten mawi wegah-wigih. Manawi sampun kaleres kokum, inggih lajeng kaukum. Nadyan putra santana manawi sampun kaleres kokum inggih boten sanes pukumanipun.</i></p>	<p>di Parambanan. Bertahta pada taun sangkala :1015: sampai taun :1017:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita</i>. Artinya, suka berolah keprajuritan. Yang dilakukan kepada para pasukan dan rakyat maupun keluarga, semua dilatih tatacara berperang kesen-tausaan bertempur, serta penataan bala pasukan. Cermat pada batas wilayah kerajaan. Berhati-hati terhadap keluar masuknya harta raja. Kalau memberi anugerah berdasarkan hasil kerjanya. Jalannya pengadilan hanya menjalankn <i>dana wesi asat</i>. Tataranya <i>dana</i>, kalau menjalankan pengadilan hanya didanakan saja, tidak dengan maksud apapun. <i>Wesi asat</i>, tataranya kalau menjalankan hukuman tidak dengan ragu-ragu. Jika sudah benar ter hukum, juga langsung dihukum. Walaupun anak kerabat jika sudah benar ter hukum juga tidak lain hukumannya.</p>
<p><i>[46] Panjenenganipun nata inggang putra Prabu Darmapamasa, ajujuluk nama Prabu Darmamaya, ing Pengging. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1018: dumugi taun :1020:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'darmahita' kaliyan 'tanuhita', saha 'sarahita'. Tegesipun, remen ulah kapandhitan, utawi dhateng pangadilan, tuwin dhateng kaprajuritan. Inggang dipunlampah-aken anggung memu-lang dhateng para wadya balanipun, pinrih sageda angeng-geni pambegan tigang</i></p>	<p>[26] Sang raja, putra Prabu Darmapamasa, bergelar nama Prabu Darmamaya, di Pengging. Bertahta pada tahun sangkala :1018: sampai tahun :1020:</p> <p>Perwatakannya <i>darmahita</i> dan <i>tanuhita</i> serta <i>sarahita</i>. Artinya, senang berolah kependetaan, atau pada pengadilan, serta pada keprajuritan. Yang dilakukan senantiasa mengajarkan kepada bala pasukannya, diharapkan agar bisa menjalani perwatakan tiga hal tadi.</p>

<p><i>prakawis wau. Lampahing pangadilan taksih anindakaken 'sama beda dana dhendha' kaliyan 'dana wesi asat'. Menggah patrapipun inggih kados ingkang sampun kapratelakaken ing ngajeng.</i></p>	<p>Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i> dan <i>dana wesi asat</i>. Adapun tatarannya juga seperti yang sudah dijelaskan di depan.</p>
<p>[47] <i>Panjenenganipun nata Prabu Dewata Cengkar, ngadhaton ing Medhankamulan. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1023: dumugi ing taun :1029:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'sarahita'. Tegesipun karem ulah kaprajuritan. Inkang kalampahaken dhateng para kadang, miwah para wadya balanipun sadaya, sami winulang pratingkahing aprang, pratikeling gelar sarta wiweka dhateng samukawis. Patrap-patraping pra-tingkah, ngati-ati panataning karaton. Wadya balanipun temah sami widagda ing ngayuda. putus ing reh parikrama, kaeringan sasaming nata. Lampahing pangadilan taksih [48] anindakaken ' sama beda dana dhendha' kaliyan 'dana wesi asat'. Menggah patrap-ipun inggih kados ingkang sampun kasebut ing ngajeng.</i></p>	<p>[27] Sang Raja Prabu Dewata Cengkar, beristana di Medhankamulan. Bertahta pada taun sangkala :1023: sampai pada tahun :1029:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita</i>. Artinya, suka berolah keprajuritan. Yang dilakukan kepada para saudara serta pra bala pasukannya semua, semua diajar tatacara berperang, tatacara mengatur strategi, serta cermat dalam segala hal. Tata cara bersikap, berhati-hati dalam menata istana, sehingga bala pasukannya semua tangguh dalam pertempuran. Menguasai tata kesantunan, dihormati sesama raja. Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i> dan <i>dana wesi asat</i>. Adapun tatarannya juga seperti yang sudah disebut di depan.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang putra Empu Sangkala, ajujuluk nama Prabu Widhayaka, ing Medhankamulan. Lajeng ngalih kadhaton ing Purwacarita. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1030: dumugi ing taun :1036:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'darmahita' kaliyan 'sarahita'. Tegesipun, remen ulah kaprajuritan utawi remen ulah</i></p>	<p>[28] Sang raja, Putra Empu Sangkala, bergelar nama Prabu Widayaka, di Medhankamulan. Kemudian berpindah istana di Purwacarita. Bertahta pada tahun sangkala :1030: sampai tahun :1036:</p> <p>Perwatakannya <i>darmahita</i> dan <i>sarahita</i>. Artinya, suka berolah keprajuritan atau suka berolah</p>

<p><i>pangadilan. Inggang kalampahaken, para wadya bala ing Purwacarita, sami winulang tingkahing ngayuda, miwah patrap pratikeling gelar, pinrih waskitha ing panempuh. Amatuhaken aju unduring baris. [49] Hamewahi papangkataning prajurit, sami ginala-gala ing ngulik. Sarta tansah ambingahaken wadya bala santana sadaya. Amargi Prabu Widhayaka anetepi 'ber budi bawa laksana'. Tegesipun, tansah anggaganjar angulawisudha. Miwah samukawis inggang sampun kadhawahaken boten kenging oncat.</i></p> <p><i>Lampahing pangadilan taksih anindakaken 'sama beda dana dhendha', kaliyan 'dana wesi asat'. Tegesipun, manawi nalika hangadili punika aming kadanakaken kemawon. Boten mawi pamrih punapa-punapa. Manawi andhawahaken paukuman boten mawi wegah wigih. Manawi sampun kaleres kokum boten mawi ngetang putra santana kawula warga. Lajeng kapancas saengga tetuwuhan.</i></p>	<p>pengadilan. Yang dilakukan, para bala pasukan di Purwacarita, semua diajar tatacara berperang, serta tatacara mengatur strategi perang, agar waspada dalam menyerang. Membiasakan maju mundurnya barisan. Menambah kepangkatan prajurit. Semua digembleng dengan keras dalam hal kecerdikan. Serta senantiasa menggembirakan bala pasukan (dan) semua kerabat. Sebab Prabu Widayaka menepati <i>ber budi bawa laksana</i>. Artinya, senantiasa memberi anugerah mewisuda. Serta segala yang sudah diperintahkan tidak boleh menghindar.</p> <p>Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i> serta <i>dana wesi asat</i>. Artinya, kalau pada saat mengadili itu hanya didanakan saja. Tidak dengan maksud apapun. Kalau menjatuhkan hukuman tidak dengan ragu-ragu. Kalau sudah benar ter hukum tidak dengan memperhitungkan putra, kerabat (maupun) keluarga, langsung diputus bagaikan tumbuhan.</p>
<p><i>[50] Panjenenganipun nata Prabu Suwelacala inggang putra Prabu Anglingdriya, ing Purwacarita. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1044: dumuigi ing taun :1046:</i></p> <p><i>Pambekaniipun 'sarahita' kali-yan 'darmahita'. Tegesipun, remen ulah kaprajuritan akaliyan remen ulah pangadilan. Inggang kalam-pahaken para wadya bala sami winulang tingkahing ngayuda, miwah patrap</i></p>	<p><i>[29] Sang raja Prabu Suwelacala, putra Prabu Anglingdriya di Purwacarita. Bertahita pada tahun sangkala :1044: sampai tahun :1046:</i></p> <p>Perwatakannya <i>sarahita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, suka berolah keprajuritan dan suka berolah pengadilan. Yang dilakukan, para bala pasukan semua diajar tatacara berperang, serta tatacara mengatur</p>

<p><i>pratikeling gelar, pinrih waskitha ing panempuh. Amatuhaken aju unduring baris. Amewahi pepangkatanning prajurit, sarta ambingahaken wadya bala santana sadaya. Amargi Prabu Suwelacala anetepi 'ber budi bawa laksana'. [51] Tegesipun, tansah anggaganjar miwah samukawis ingkang sampun kadhawahaken boten kenging oncat. Lampahing pangadilan taksih anindakaken 'dana wesi asat'. Tegesipun, nalika angadili punika aming kadanakaken kemawon. Manawi andhawahaken paukuman boten mawi wegah wigih. Manawi sampun kaleres kokum, boten mawi ngetang putra santana kawula warga.</i></p>	<p>strategi, agar waspada dalam menyerang. Membiasakan maju mundurnya barisan, menambah kepangkatan prajurit, serta menyenangkan bala pasukan semua kerabat. Sebab Prabu Suwelacala menepati <i>ber budi bawa laksana</i>. Artinya, senantiasa memberi anugerah, serta segala yang sudah diperintahkan tidak boleh menghindar. Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>dana wesi asat</i>. Artinya, ketika mengadili itu hanya didanakan saja. Kalau menjatuhkan hukuman tidak dengan ragu-ragu. Kalau sudah benar terhukum, tidak dengan memperhitungkan putra, kerabat (maupun) keluarga.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Daneswara, nama Prabu Sri Mahapungung. Inkang putra Prabu Suwelacala, ing Purwacarita. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1046: dumugi ing taun :1061:</i></p> <p>{52} <i>Pambekanipun 'sarahita' 'darmahita'. Tegesipun karem ulah kaprajuritan tuwin dhateng pangadilan, miwah patrap-patraping gelar. Pinrih waskitha ing panempuh. Amatuhaken aju undur-ing baris. Amewahi papangkatanning prajurit. Manawi angajar prang wonten salebeting praja. Yen sampun luwar ing pangajar, lajeng sami ingupaboga. Wadya bala gung alit sami kinarsakaken bogandra-wina wonten ing pananiti. Saben dinten boten lowong. Lampahing pangadilan</i></p>	<p>[30] Sang raja Prabu Daneswara, bernama Prabu Sri Mahapungung, putra Prabu Suwelacala, di Purwacarita. Bertahta pada tahun sangkala :1046: sampai tahun :1061:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita darmahita</i>. Artinya, gemar berolah keprajuritan serta pada pengadilan, serta tatacara menyusun strategi. Dimaksudkan agar waspada dalam penyerangan. Membiasakan maju mundurnya barisan. Menambah kepangkatan prajurit. Kalau mengajar perang di dalam istana. Jika sudah selesai dalam pengajaran lalu semua dijamu makan. Bala pasukan, besar-kecil semua diminta berpesta makan bersama di pancaniti. Setiap hari tidak luang. Jalannya pengadilan men-</p>

<p><i>anindakaken 'dana wesi asat'. Patraping kados ingkang kasebat ing ngajeng.</i></p>	<p>jalankan <i>dana wesi asat</i>. Tata-caranya seperti yang disebutkan di depan.</p>
<p><i>Panjenengnipun nata Prabu Sri Maha Punggung ingkang kaping kalih. Ingkang putra Prabu Daneswara ing Purwacarita. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1061: dumugi [53] taun :1078:</i></p> <p><i>Pambekanipun inggih 'sara-hita' 'darmahita'. Tegesipun, remen ulah kaprajuritan akaliyan pangadilan. Ingkang kalampahaken dhateng para kadang miwah para kawula warga, sami kagulang pratingkahing gelar, santosaning ngayuda. Lampahing pangadilan anindakaken 'dana wesi asat'. Patrapipun, manawi anindakaken pangadilan aming kadanakaken kemawon. Boten mawi pamrih punapa-punapa. 'Wesi asat', patrapipun manawi anindakaken paukuman boten mawi wegah-wigih. Manawi sampun kaleres kokum, nadyan putra santana boten sanes paukumanipun.</i></p>	<p>[31] Sang raja Prabu Sri Mahapunggung II. Putra Prabu Daneswara di Purwacarita. Bertahta pada tahun sangkala :1061: sampai tahun ;1078:</p> <p>Perwatakannya juga <i>sarahita darmahita</i>. Artinya, suka berolah keprajuritan dan pengadilan. Yang dilakukan pada para saudara serta para keluarga, semua dilatih tatacara strategi perang (dan) kekuatan pertempuran. Jalannya pengadilan menjalankan <i>dana wesi asat</i>. Tataranya, kalau menjalankan pengadilan hanya didanakan saja. Tidak dengan maksud apapun. <i>Wesi asat</i>, tataranya, kalau menjalankan hukuman tidak dengan ragu-ragu. Kalau sudah benar dihukum, walaupun putra kerabat, tidak berbeda hukumannya.</p>
<p>[54] <i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Sri Maha Punggung kaping kalih, jejuluk nama Prabu Kandhiawan, ing Purwacarita. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1084: dumugi ing taun :1090:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'sarahita' 'darmahita'. Tegesipun, remen ulah kaprajuritan akaliyan pangadilan. Ingkang dipunlampahaken, sagung-ing wadya bala sami winulang tingkahing ngayuda, miwah patrap-patrap pratikeling gelar, pinrih waskitha ing</i></p>	<p>[32] Sang raja, putra Prabu Sri Mahapunggung II, bergelar nama Prabu Kandhiawan, di Purwacarita. Bertahta pada tahun sangkala :1084: sampai tahun :1090:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita darmahita</i>. Artinya, suka berolah keprajuritan dan pengadilan. Yang dilakukan, segenap bala pasukan semua diajar tatacara berperang, serta berbagai tatacara menyusun strategi perang, agar waspada dalam</p>

<p><i>panempuh. Amatuhaken aju unduring baris. Amewahi papangkataning prajurit. Manawi ngajar prang wonten ing wana ngiras cangkrama. Yen sampun luwar ing pangajar lajeng sami bojanandrawina wonten ing pancaniti, saben dinten boten [55] lowong.</i></p> <p><i>Lampahing pangadilan anindakaken 'dana wesi asat'. Patrapipun kados ingkang kocap ing ngajeng.</i></p>	<p>menyerang. Membiasakan maju mundurnya barisan. Menambah kepangkatan prajurit. Kalau mengajar perang berada di dalam hutan sekaligus sambil berrekreasi. Jika sudah selesai dari pengajaran lalu semua dijamu pesta makan di pancaniti. Setiap hari tidak luang.</p> <p>Jalannya pengadilan menjalankan <i>dana wesi asat</i>. Tatacaranya seperti yang disebut di depan.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Tejalengkara, putranipun Prabu Jayalengkara, ing Majapura. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1090: dumugi ing :1094:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'sarahita' kali-yan 'darmahita'. Tegesipun, remen ulah kaprajuritan akaliyan remen ulah pangadilan. Inggang kalam-pahaken dhateng para kadang miwah para kawula warga, sami kawulang pratingkahing gelar, miwah santosaning ngayuda, sarta tata tataning wadya bala. Titi dhateng wawengkoning karaton. [56] Ngati-ati lebet wedaling kagunganing nata. Manawi angganjar dumunung ing damel-ipun. Lampahing pangadilan amung nindakaken 'dana wesi asat'. Patraping pangadilan aming andanakaken kemawon, boten mawi pamrih punpa-punapa. 'Wesi asat' patrapipun manawi anindakaken paukuman boten mawi wegah-wigih. Manawi sampun kaleres kokum, inggih lajeng kaukum. Nadyan putra santana, boten sanes paukumanipun.</i></p>	<p>[33] Sang raja Prabu Tejalengkara, putra Prabu Jayalengkara, di Majapura. Bertahta pada tahun sangkala :1090: sampai tahun :1094:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, suka berolah keprajuritan dan suka berolah pengadilan. Yang dijalankan kepada para saudara serta para keluarga, semua diajar tatacara strategi perang, serta kekuatan pertempuran, dan penataan bala pasukan. Teliti terhadap batas wilayah kerajaan. Berhati-hati dalam hal keluar-masuknya harta raja. Kalau memberi anugerah, bergantung pada hasil kerjanya. Jalannya pengadilan hanya menjalankan <i>dana wesi asat</i>. Tatacara pengadilan hanya mendanakan saja, tidak dengan maksud apapun. <i>Wesi asat</i>, tataranya, kalau menjalankan hukuman tidak dengan ragu-ragu. Kalau sudah tepat dihukum, juga langsung dihukum. Walaupun putra kerabat, tidak berbeda hukumannya.</p>

<p><i>Panjenenganipun raja pandhita ing Jenggala, anama Resi Gathayu. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1094: dumugi ing taun :1109:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'tanuhita'. Tegesipun, remen ulah kapandhitan. Amurih karaharjaning nagari, [57] tuwin rahayuning wadya balanipun. Inkgang kalampahken anggung amemulang pratingkahing panem-bah, sarta anebihaken para murka, anyelakaken para sujana. Saged hangecani manahing sasami, tuwin anggelaraken patraping tata krami. Patrapipun sakalangkung andhap asor, sarta amirahaken dana, lumintu sadinten-dintenipun. Miwah anglingkungi santosaning galih. Yen sampun kapesthi ing karsa boten kencing oncat. Lampahing pangadilan anindakaken 'sama beda dana dhendha', awekasan paramarta. Kadosta, yen wonten wadya bala ingkang kalepatan, ing sanalika kapatrapaken ing kalepatanipun. Yen sampun, lajeng kaaksama.</i></p>	<p>[34] Sang raja pendeta di Jenggala, bernama Resi Gathayu. Bertahta pada tahun sangkala :1094: sampai tahun :1109:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita</i>. Artinya, senang berolah kependetaan, untuk kesejahteraan negara serta keselamatan bala pasukannya. Yang dilakukan senantiasa mengajar tata-cara peribadatan, serta menjauhkan para angkara murka, mendekatkan para orang yang baik. Bisa mengenakan hati sesama, serta memaparkan tatacara bertata-krama. Sikapnya teramat sangat rendah hati, serta memurahkan derma, mengalir sehari-hari. Serta teramat kuat hatinya. Jika sudah ditetapkan dalam kehendaknya tidak boleh menghindar. Jalannya pengadilan menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>, akhirnya pemaaf. Seperti, jika ada bala pasukan yang bersalah, seketika dikenai hukuman atas kesalahannya. Kalau sudah, lalu diampuni.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Lembu Amiluhur ingkang putra Resi Gathayu [58] ing Janggala. Jumenengipun nata Prabu Lembu Amiluhur wau anuju ing taun sangkala :1110: dumugi ing taun :1126:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'sarahita' kali-yan 'darmahita'. Tegesipun, karem ulah kaprajuritan akaliyan pang-adilan. ingkang kalampahaken tansah amemulang tingkahing ngayuda, miwah patrap pratikeling gelar, pinrih waskitha ing panempuh. Amatuhaken aju unduring baris. Amewahi papang-</i></p>	<p>[35] Sang raja Prabu Lembu Amiluhur, putra Resi Gathayu di Janggala. Bertahta pada tahun sangkala :1110: sampai tahun :1126:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, gemar berolah keprajuritan dan pengadilan. Yang dilakukan selalu mengajar tatacara berperang, serta tatacara mengatur strategi, agar waspada dalam menyerang. Menentukan maju mundurnya barisan. Menambah</p>

<p><i>kataning prajurit, sami ginala-gala ing ulik. Sarta tansah ambingah-aken wadya bala santana sadaya. [59] Tegesipun, tansah angga-ganjar angulawisudha, miwah samukawis ingkang sampun kadha-wahaken boten kencing oncat. Lampahing pangadilan anindak-aken 'dana wesi asat'. Tegesipun, manawi hangadili, punika aming kadanakaken kemawon. Manawi andhawahaken paukuman boten mawi wegah wigih. Manawi sampun kaleres kokum boten angetang putra santana kawula warga, lajeng kapancas saengga thethukulan.</i></p>	<p>kepangkatan prajurit. Semua digebleng dengan keras. Serta senantiasa menyenangkan bala pasukan (dan) kerabat semua. Artinya, selalu memberi anugerah mewisuda. Serta segala sesuatu yang sudah disampaikan tidak boleh menghindar. Jalannya pengadilan menjalankan <i>dana wesi asat</i>. Artinya, kalau mengadili, itu hanya didanakan saja. Kalau menjatuhkan hukuman tidak dengan ragu-ragu. Kalau sudah tepat sebagai terhukum, tidak memperhitungkan putra kerabat keluarga, langsung diputuskan bagaikan tumbuhan.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata ingkang putra Prabu Lembu Amiluhur, anama Prabu Suryawisesa. Jume-nengipun kala ing taun sangkala :1144: dumugi ing taun :1156:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'sarahita' kaliyan 'samahita' 'darmahita'. Tegesipun karem ulah kaprajuritan [60] kaliyan ulah pangadilan tuwin tata krami. Inggang kalampahaken anggung amemulang ing wadya balanipun, pinrih waskitha ing panempuh, miwah patrap-patraping gelar. amatuhaken aju unduring baris, amewahi papangkatananing prajurit. Manawi angajar prang wonten salebeting praja. Yen sampun luwar ing pangajar lajeng ingupa boga. Wadya gung alit sami kinarsakaken bojanandrawina wonten ing pancaniti. Saben dinten boten kendhat gaganjaran.</i></p> <p><i>Patraping pangadilan taksih</i></p>	<p>[36] Sang raja, putra Prabu Lembu Amiluhur, bernama Prabu Suryawisesa. Bertahta pada tahun sangkala :1144: sampai tahun :1156:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita</i> dan <i>samahita, darmahita</i>. Artinya, gemar berolah keprajuritan dan olah pengadilan serta tata krama. Yang dijalankan senantiasa mengajar pada bala pasukannya, agar waspada dalam menyerang, serta tata strategi gelar perang. Menentukan maju mundurnya barisan, menambah kepangkatan prajurit. Kalau mengajar perang berada di dalam kerajaan. Jika sudah selesai dalam pengajarannya lalu dijamu makan. Warga besar-kecil, semua diminta berpesta makan di pancaniti. Setiap hari tidak pernah luang anugerah.</p> <p>Tatacara pengadilan masih</p>

<p><i>anindakaken 'dana wesi asat'. Patrapipun kados ingkang sampun kasebut ing ngajeng wau.</i></p>	<p>menjalankan <i>dana wesi asat</i>. Tataranya seperti yang sudah disebut di depan tadi.</p>
<p>[61] <i>Panjenenganipun nata Prabu Laleyan, nama Prabu Suryamiluhur. Inkang putra Prabu Suryawisesa. Ngadhaton ing Janggala. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1157: dumugi ing taun :1177:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'sarahita' 'sarahita'. Tegesipun, remen ulah kaprajuritan, akalijan ulah tata krami. Inkang kalampahaken dhateng para kadang miwah wadya balanipun sadaya, sami winulang pratingkahing ngaprang, pratikeling gelar, sarta wiweka dhateng samukawis [62] patrap-patraping pratingkah. Ngati-ati tataning kara-ton. Para wadya balanipun temah sami widagda ing ngayuda, kae-ringan sasamaning nata. Lam-pahing pangadilan taksih anindakaken 'sama beda dana dhendha', sarta anindakaken 'dana wesi asat'. Menggah patrapipun inggih taksih kados ingkang kasebut ing ngajeng.</i></p>	<p>[37] Sang raja Prabu Laleyan, bernama Prabu Suryamiluhur, putra Prabu Suryawisesa. Bersistana di Janggala. Bertakhta pada taun sangkala :1157: sampai tahun :1177:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita sama-hita</i>. Artinya, suka berolah keprajuritan dan berolah tata krama. Yang dilakukan terhadap para saudara serta semua bala pasukannya, semua diajar tatacara berperang, cara menyusun strategi, serta cermat dalam segala hal tata perilaku dan bersikap. Berhati-hati dalam menata kerajaan. Para bala pasukannya akhirnya semua tangguh dalam pertempuran, disegani sesama raja. Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>, dan menjalankan <i>dana wesi asat</i>. Adapun tataranya juga masih seperti yang disebut di depan.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Banjaransari, putranipun Prabu Mahesa Tandremman, ngadhaton ing Pajajaran. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1183: seweg dumugi ing taun:1186:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'sarahita' kaliyan 'darmahita'. Tegesipun, karem ulah kaprajuritan. Inkang kalam-pahaken anggung amemulang patraping ngayuda miwah patrap [62] pratikeling gelar, pinrih waskitha ing panempuh.</i></p>	<p>[38] Sang raja Prabu Banjaransari, putra Prabu Maesa Tandremman, bersistana di Pajajaran. Bertakhta pada tahun sangkala :1183: baru sampai tahun :1186:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, gemar berolah keprajuritan. Yang dilakukan senantiasa mengajarkan tatacara berperang, serta tatacara menyusun strategi, agar waspada dalam menyerang. Mem-</p>

<p><i>Amatuh-aken aju unduring baris. Amewahi papangkataning prajurit. Manawi hangajar wonten salebeting praja. Yen sampun luwar ing pangajar lajeng sami ingupaboga. Wadya gung alit sami kinarsakaken bojanandrawina, saben dinten boten lowong.</i></p>	<p>biasakan maju mundurnya barisan. Menambah kepangkatan prajurit. Kalau mengajar perang di dalam istana. Jika sudah selesai dalam pengajarannya lalu mereka dijamu makan. Warga besar-kecil diminta berpesta makan, setiap hari tidak luang.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Mundingsari, putranipun Prabu Banjaransari ing Pajajaran. Jumenengipun nata kala ing taun sangkala :1229: dumugi ing taun :1241:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'samahita' 'dar-mahita'. Tegesipun, karem ulah tata krami akaliyan remen ulah pangadilan. [63] Ingang kalam-pahaken anggung memulang patraping tata krami, pratikeling pamuja, patitising pangadilan, kaliyan karsa amamangkat kawirya-ning wadya bala. Amewahi pranataning punggawa. Kapatah patah ing damelipun. Kadosta, inggang kajêjêrakên wadya senapati, inggih sapanekaripun. Ingang kajêjêrakên wadya mang-inte kewuh, inggih sapanekaripun, sapanunggilanipun kados makaten. Tuwin tansah winulang ing pang-lepasan. Sami kapurih sageda nawung kridha sambegana, sarta anggelaraken 'sama beda'. Lampahing pangadilan anindak-aken 'dana dhendha', utawi 'dana wesi asat'.</i></p>	<p>[39] Sang raja Prabu Mundingsari, putra Prabu Banjaransari, di Pajajaran. Bertahta pada taun sangkala :1229: sampai taun :1241:</p> <p>Perwatakannya <i>samahita darma-hita</i>. Artinya, gemar berolah tata krama dan suka berolah pengadilan. Yang dilakukan senantiasa mengajar tatacara bertata krama, tatacara peribadatan, ketepatan pengadilan, serta berkenan membuat tingkatan-tingkatan derajat bala pasukan. Menambah tata penataan pejabat. Masing-masing diberi tugas sesuai pekerjaannya. Seperti, yang didudukkan pasukan senapati, juga beserta pengiringnya. Yang didudukkan sebagai pengintai musuh, juga beserta pengiringnya, dan lain sebagainya seperti itu. Serta senantiasa diajar ilmu kesempurnaan. Semua disuruh hendaklah bisa mengerjakan segala hal dalam menyelesaikan permasalahan. Serta memaparkan <i>sama beda</i>. Jalannya mengadilan menjalankan <i>dana dhendha</i> atau <i>dana wesi asat</i>.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu</i></p>	<p>[40] Sang raja Prabu</p>

<p><i>Mundingwangi, putranipun Prabu Mundingsari. [64] Jumenengipun kala ing taun sangkala :1241: dumugi ing taun :1249:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'samahita' kaliyan 'darmahita'. Tegesipun, karem ulah tata krami akalihan remen ulah pangadilan, amurih karaharjaning praja tuwin rahayuning wadya balanipun. Ingkang kalampahaken anggung amumulang pratingkahing panembah, sarta anebihaken para murka. Hanyelakaken para sujana. Saged hangecani manahing sasami. Tuwin hanggelaraken patraping tata krami. Yen andhap boten kenging dipun andhapi, yen asor boten kenging dipun ungkuli. Sarta amirahaken dana, lumintu sadinten-dintenipun. [65] mirah hanglangkungi santosaning panggalih. Yen sampun kapesthi ing karsa boten kenging oncat. Lampahing pangadilan anindakaken 'sama beda dana dhendha', awekasan paramarta. Kadosta, yen wonten wadya ingkang kalepatan, ing sanalika kapatrapaken ing kalepatanipun. Yen sampun lajeng kaaksama.</i></p>	<p>Mundingwangi, putra Prabu Mundingsari. Bertahta pada tahun sangkala :1241: sampai tahun :1249:</p> <p>Perwatakannya <i>samahita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, gemar berolah tata krama dan suka berolah pengadilan, demi untuk kesejahteraan kerajaan serta selamatnya bala pasukannya. Yang dilakukan senantiasa mengajar tata cara peribadatan, serta menjauhkan para penjahat. Mendekatkan orang-orang yang baik. Bisa mengenakan hati sesama. juga memaparkan tatacara bertata krama. Kalau rendah tidak bisa dilebih-rendahi, kalau tinggi tidak bisa dilampaui. Serta memurahkan derma, mengalir setiap hari. Murah (hati) melampaui kekuatan hatinya. Jika sudah ditetapkan dalam kehendaknya tidak boleh menghindar. Jalannya pengadilan menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>, akhirnya pemaaf. Seperti, jika ada warga yang bersalah. Seketika dikenai hukuman atas kesalahannya. Jika sudah lalu dimaafkan.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Gandakusuma, putranipun Prabu Mundingwangi, apaparap Prabu Sundha Hanyakrawati. Kasebut Prabu Pamekas ing Pajajaran. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1249: dumugi ing taun :1282:</i></p> <p><i>[66] Pambekanipun 'tanuhita' 'darmahita' 'samahita'. Tegesipun,</i></p>	<p>[41] Sang raja Prabu Gandakusuma, putra Prabu Mundingwangi, bernama Prabu Sundha Hanyakrawati. Disebut Prabu Pamekas (penutup) Pajajaran. Bertahta pada tahun sangkala :1249: sampai tahun :1282:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita, darma-hita, samahita</i>. Artinya, gemar</p>

*karem ulah kapandhitan, remen puruwita, kaliyan amemuja, akaliyan pangadilan, miwah tata krami. Inkgang kalampahaken anggung memulang patraping tata krami, pratikeling pamuja, patitising pangadilan, kamanggenaken piyambak-piyambak. Kali-yan karsa amamangkat kawiryaning wadyabala, hamewahi pranataning punggawa. Kapatah-patah ing damelipun. Kadosta, ingkang kajêjêrakên wadya senapati, inggih sapanekaripun. Inkgang kajêjêrakên wadya hanginte kewuh, inggih sapanekaripun, sapanunggilanipun kados makaten. Utawi tansah winulang panglepasan, wruh ing sipta sasmita. Kapurih sami sageda nawung kridha sambegana. [67] Sarta anggelaraken 'sama beda'. Lampahing pangadilan anindakaken 'dana dhendha', utawi 'dana wesi asat'. Pratelanipun kados ingkang sampun kasebut ing nginggil wau.*

*Sadaya lampah ingkang sampun kadhawahaken timbalaning nata ingkang sampun kagelaraken, manawi wonten wadya bala ingkang boten anetepi ing kawajibanipun, kagantungan pawkuman. Manawi wonten wadya bala ingkang anetepi ing kawajibanipun, kagantungan ganjaran. Utawi Prabu Gandakusuma anetepi 'ber budi bawa laksana'. Tegesipun, 'ber budi' punika tansah hanggaganjar hangulawisudha ing wadyabalanipun. Tegesipun 'bawa laksana' punika [68] punapa ingkang sampun kadhawahaken boten kenging oncat, kedah dipun*

berolah kependetaan, suka berguru dan memanjatkan puja, serta pengadilan dan tata krama. Yang dijalankan senantiasa mengajar tatacara bertata krama, tatacara memanjatkan puja, tepatnya pengadilan, ditempatkan sendiri-sendiri. Juga berkenan menata kepangkatan dan derajat bala pasukan, menambah penataan pejabat, dengan penugasan masing-masing sesuai pekerjaannya. Seperti, yang didudukkan sebagai prajurit senapati, juga beserta mengiringnya. Yang didudukkan sebagai prajurit pengintai musuh, juga beserta pengiringnya, dan lain sebagainya seperti itu. Atau senantiasa diajar ilmu kesempurnaan, mengetahui bahasa isyarat, agar semua bisa mengerjakan berbagai hal mengatasi segala kesulitan. Serta memaparkan *sama beda*. Jalannya pengadilan menjalankan *dana dhendha* atau *dana wesi asat*. Penjelasannya seperti yang sudah disebutkan di atas tadi.

Semua tindakan yang sudah diperintahkan sebagai perintah raja yang sudah dipaparkan, jika ada bala pasukan yang tidak menepati dalam kewajibannya, diancam hukuman. Jika ada bala pasukan yang menepati kewajibannya, dijanjikan anugerah. Atau Prabu Gandakusuma menepati *ber budi bawa laksana*. Artinya, *ber budi* itu selalu memberi anugerah mewisuda pada bala pasukannya. Artinya *bawa laksana* itu, apa yang sudah diucapkan tidak bisa

<p><i>laksanani.</i></p>	<p>menghindar, harus dilaksanakan.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Siyungwanara, nama Sri Maharaja Sakti, putranipun Prabu Gandakusuma ing Pajajaran. Jume-nengipun kala ing taun sangkala :1282: dumugi ing taun :1283:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'sarahita' kali-yan 'darmahita'. Tegesipun karem ulah kaprajuritan, akaliyan remen dhateng para pangadilan. ingkang kalampahaken anggung memulang pratingkahing ngayuda, miwah patrap pratikeling gelar, minrih waskitha ing panempuh. amatuhaben aju unduring baris. Amewahi papangkataning prajurit. [69] Manawi hangajar prang wonten salebeting praja. Yen sampun luwar ing pangajar lajeng kinarsakaken bojanandrawina wonten ing pancaniti. Saben dinten boten kendhat paparingipun dhateng wadya bala. lampahing pangadilan anindakaken 'dana wesi asat'.</i></p>	<p>[42] Sang raja Prabu Siyungwanara, bernama Sri Maharaja Sakti, putra Prabu Gandakusuma di Pajajaran. Bertahta pada tahun sangkala :1282: sampai tahun :1283:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, gemar berolah keprajuritan, serta suka pada masalah pengadilan. Yang dijalankan senantiasa mengajar tatacara berperang, serta tatacara menyusun strategi perang, dengan maksud agar waspada dalam penyerangan. Membiasakan maju mundurnya barisan. Menambah kepangkatan prajurit. Kalau mengajar perang berada di dalam istana. Jika sudah selesai dalam pengajaran, lalu diminta berpesta makan di pancaniti. Setiap hari tiada henti pemberiannya kepada bala pasukan. Jalannya pengadilan menjalankan <i>dana wesi asat</i>.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Jaka Suruh, jejuluk Prabu Bratana. Punika ugi putranipun Prabu Gandakusuma, ing Majapahit. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1283: dumugi ing taun :1298:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'sarahita' 'darmahita'. Tegesipun, karem ulah kaprajuritan akaliyan pangadilan. [70] Inggang kalampahaken anggung memulang ing wadya balanipun, pinrih wegig ing ngayuda, miwah patrap pratikeling gelar, sageda waskitha ing</i></p>	<p>[43] Sang raja Prabu Jaka Suruh, bergelar Prabu Bratana. Ini juga putra Prabu Gandakusuma, di Majapahit. Bertahta pada tahun sangkala :1283: sampai tahun :1298:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita darmahita</i>. Artinya, gemar berolah keprajuritan dan pengadilan. Yang dijalankan senantiasa mengajar pada bala pasukannya, dimaksudkan agar tangkas dalam berperang, serta tata cara menyusun strategi, hendaklah</p>

<p><i>panempuh. Amatuhaken aju undur-ing baris. Amewahi papangkatning prajurit, sami ginala gala ing ulik. Manawi angajar prang dhateng ing wana ngiras cangkrama. Sarta tansah ambingah-aken wadya bala santana sadaya. Amargi Prabu Jaka Suruh anetepi 'ber budi bawa laksana'. Tegesipun, tansah angganjar angula wisudha, miwah samukawis ingkang sampun kadhawahaken boten kenging oncat. Lampahing pangadilan anindakaken 'dana wesi asat'. Tegesipun, manawi angadili punika aming kadanakaken kemawon, boten mawi pamrih punapa-punapa. [71] Manawi andhawahaken paukuman boten mawi wegah wigih. Manawi sampun kaleres kokum boten mawi ngetang putra santana kawula warga. Manawi sampun kaleres inggih lajeng katindakaken ing paukuman-ipun. Lampahing pang-adilan taksih anindakaken 'sama beda dana dhendha'.</i></p>	<p>bisa waspada dalam menyerang. Menentukan maju mundurnya barisan. Menambah kepangkatan prajurit, semua digembleng dengan keras. Kalau mengajar peperangan di hutan sekaligus sambil berrekreasi. Serta senantiasa menyenangkan bala pasukan dan semua kerabat. Karena Prabu Jaka Suruh menepati <i>ber budi bawa laksana</i>. Artinya, senantiasa memberi anugerah dengan mewisuda, serta segala yang sudah dititahkan tidak boleh menghindar. Jalannya pengadilan menjalankan <i>dana wesi asat</i>. Artinya, kalau mengadili itu hanya didanakan saja, tidak dengan maksud apapun. Jika menjatuhkan hukuman tidak dengan ragu-ragu. Jika sudah tepat dihukum, tidak dengan menghitung putra, kerabat, keluarga. Jika sudah tepat juga lalu dilaksanakan hukumannya. Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Brawijaya kapisan ing Majapahit. Putranipun Prabu Bratana. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1300: dumugi ing taun :1315:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'sarahita' 'dar-mahita'. Tegesipun, karem ulah kaprajuritan akaliyan pangadilan. Inggang kalampahaken anggung memulang pratingkahing ngayuda, [72] miwah patrap pratikeling gelar pinrih amatuhaken aju unduring baris, kaliyan anindakaken patraping pangadilan,</i></p>	<p>[44] Sang raja Prabu Brawijaya pertama (I), di Majapahit, putra Prabu Bratana. Bertahta pada tahun sangkala :1300: sampai taun :1315:</p> <p>Perwatakannya <i>sarahita darma-hita</i>. Artinya, gemar berolah keprajuritan dan pengadilan. Yang dijalankan senantiasa mengajar tatacara berperang, serta tatacara menyusun strategi perang, dengan maksud membiasakan maju mundurnya barisan, dan menjalankan</p>

<p><i>sarta kedah patitis tindakan pangadilan. Amewahi papangkating prajurit. Manawi angajar wadya bala wonten salebeting praja. Sasampunipun luwar ing pangajaripun lajeng sami kaparingan gaganjaran. Lampahing pangadilan anindakaken 'dana wesi asat'.</i></p>	<p>tatacara pengadilan, serta harus tepat dalam jalannya pengadilan. Menambah kepangkatan prajurit. Kalau mengajar bala pasukan di dalam istana. Sesudah selesai dalam pengajarannya, lalu semua diberi anugerah. Jalannya pengadilan menjalankan <i>dana wesi asat</i>.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Bawijaya kaping kalih ing Majapahit. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1319: dumugi ing taun :1355:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'samahita' kaliyan 'darmahita'. Tegesipun, tansah ulah tata krami. [73] Kaliyan anindakaken lampahing pangadilan. ingkang kalampahaken anggung amemulang lampah-lamahing tata krami, pratikeling pamuja, patitising pangadilan. Utawi karsa amamangkat kawiryaning wadya bala, amewahi pranataning pung-gawa, kapatah-patah ing pada-melanipun. Kadosta, ingkang kajêjêrakên wadya senapati, inggih sapanekaripun. Inggih kajêjêrakên wadya manginte kewuh, inggih sapanekaripun. Sapanunggilanipun kados makaten. Tuwin tansah winulang panglepasan, wruh ing cipta sasmita. Sami kapurih sageda nawung kridha sambegana, sarta anggelaraken 'sama beda'. Lam-pahing pangadilan anindak-aken 'dana dhendha', utawi 'dana wesi asat'. [74] Pratelanipun kados ingkang kasebut ing nginggil wau. Sadaya dhawuhing nata ingkang sampun kagelaraken, manawi wonten wadya bala ingkang boten anetepi ing</i></p>	<p>[45] Sang raja Prabu Brawijaya ke-dua (II), di Majapahit. Bertahta pada tahun sangkala :1319: sampai tahun :1355:</p> <p>Perwatakannya <i>samahita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, senantiasa berolah tata krama dan menjalankan jalannya pengadilan. Yang dijalankan senantiasa mengajar cara-cara bertata krama, tata cara pemujaan, ketepatan pengadilan. Serta berkenan membuat tingkat-tingkatan kedudukan bala pasukan, menambah penataan pejabat, dikelompok-kelompokkan dalam tugas pekerjaannya. Seperti yang didudukkan sebagai pasukan panglima perang, juga beserta pengiringnya. Yang didudukkan sebagai pasukan pengintai musuh, juga beserta pengiringnya. Dan sebagainya seperti itu. Serta senantiasa diajar ilmu kesempurnaan, mengetahui bahasa isyarat. Semua diminta hendaklah bisa mengerjakan segala hal, serta memaparkan <i>sama beda</i>. Jalannya pengadilan menjalankan <i>dana dhendha</i> atau <i>dana wesi asat</i>. Penjelasannya seperti yang disebutkan di atas tadi. Semua titah raja yang sudah dipaparkan, jika ada bala</p>

<p><i>kawajibanipun kagantungan paukuman. Manawi wonten wadya ingkang anetepi ing kawajibanipun kagantungan ganjaran. Awit Prabu Brawijaya anetepi 'ber budi bawa laksana'. Tegesipun, 'ber budi' punika tansah anggung anggaganjar, angulawisudha ing wadya balanipun.</i></p>	<p>pasukan yang tidak menepati dalam kewajibannya diancam hukuman. Jika ada pasukan yang menepati dalam kewajibannya, dijanjikan anugerah. Sebab Prabu Brawijaya menepati <i>ber budi bawa laksana</i>. Artinya, <i>ber budi</i> itu senantiasa selalu memberi anugerah, mewisuda pada bala pasukannya.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Brawijaya ingkang kaping tiga, ing Majapahit. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1355: dumugi ing taun :1370:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'darmahita' kaliyan 'samahita'. Tegesipun, anggung memulang lampahing tata krami, [75] akaliyan pangadilan. Amurih karaharjaning praja tuwin rahayuning wadya balanipun. Inggang kalampahaken anggung memulang patrap pratikeling pangadilan. Utawi wadya balanipun kagulang tatas pratitising wicara, sarta saged hangecani manahing kawulanipun. Yen sampun kapesthi ing karsa boten kenging oncat. Lampahing pangadilan anindak-aken 'sama beda', 'dana dhendha', awekasan paramarta. Yen wadya ingkang kalepatan, ing sanalika kapatrapaken ing kalepatanipun. Yen sampun lajeng kaaksama. Kang kaleresan ginanjar.</i></p>	<p>[46] Sang raja Prabu Brawijaya yang ke tiga (III), di Majapahit. Bertahta pada tahun sangkala :1355: sampai tahun :1370:</p> <p>Perwatakannya <i>darmahita</i> dan <i>samahita</i>. Artinya, senantiasa mengajar caranya bertata krama dan pengadilan. Demi untuk kesejahteraan kerajaan serta selamatnya bala pasukannya. Yang dijalankan senantiasa mengajar tatacara melaksanakan pengadilan. Atau bala pasukannya dilatih mahir dan tepat dalam berbicara, serta bisa menyenangkan hati rakyatnya. Jika sudah ditetapkan dalam kehendaknya tidak bisa menghindar. Jalannya pengadilan menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>, akhirnya <i>paramarta</i> (pemaaf). Jika pasukan yang bersalah pada seketika dihukum sesuai kesalahannya. Jika sudah lalu dimaafkan. Yang berbuat kebenaran diberi anugerah.</p>
<p><i>[76] Panjenenganipun nata Prabu Brawijaya ingkang kaping sekawan, ing Majapahit. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1370: dumugi ing taun</i></p>	<p>[47] Sang raja Prabu Brawijaya yang ke empat (IV), di Majapahit. Bertahta pada taun sangkala :1370: sampai taun :1374:</p>

<p>:1374:</p> <p><i>Pambekaniipun 'samahita' 'darmahita'. Tegesipun, remen ulah tata krami kaliyan remen ulah dhateng para pangadilan. Ingkang kalampahaken anggung amemulang patrap pratingkahing tata krami. Sarta amamangkat kawiryaning wadya bala. Amewahi pranataning punggawa satunggal-satunggal. Kadosta, wadya senapati inggih dalah sapanekaripun. Ingkang kajêjêrakên wadya panginte kewuh, inggih sapanekaripun. Utawi tansah winulang panglepasan, wruh ing sipta sasmita, sarta anyelakaken para sarjana sujana, tuwin saged hangecani manahing sasami. [77] Miwah anglangkungi sentosaning panggalih. Yen sampun kapesthi ing karsa boten kenging oncat. Lampahing pangadilan anindak-aken 'sama beda dana dhendha', utawi 'dana wesi asat'. Tegesipun, tansah anggaganjar wadya balanipun.</i></p>	<p>Perwatakannya <i>samahita darmahita</i>. Artinya, suka berolah tata krama dan suka berolah pada hal pengadilan. Yang dilakukan senantiasa mengajar tata cara perilaku tata krama, serta membuat bertingkat kedudukan bala pasukan. Menambah penataan pejabat satu per satu. Seperti pasukan panglima perang juga beserta pengiringnya. Yang didudukkan pasukan pengintai musuh, juga beserta pengiringnya. Atau senantiasa diajar ilmu kesempurnaan, memahami bahasa isyarat, serta mendekatkan para cerdik cendika dan orang-orang yang baik, serta bisa mengenakan hati sesama. Juga hatinya sangat kuat. Jika sudah ditetapkan dalam kehendaknya tidak bisa menghindar. Jalannya pengadilan menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i> atau <i>dana wesi asat</i>. Artinya, senantiasa memberi anugerah kepada bala pasukannya.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Brawijaya ingkang kaping gangsal ing Majapahit. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1374: dumugi ing taun :1440:</i></p> <p><i>Pambekaniipun 'tanuhita' kali-yan 'darmahita'. Tegesipun karem ulah kapandhitan, tuwin dhateng para pangadilan. Amurih karaharjaning wadya balanipun. Ingkang kalampahaken anggung memulang pratingkahing panembah. Sarta anebihaken para murka, hanyelakaken para sujana,</i></p>	<p>[48] Sang raja Prabu Brawijaya yang ke lima (V), di Majapahit. Bertahta pada taun sangkala :1374: sampai taun :1440:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, gemar berolah kependetaan, serta pada perihal pengadilan, demi untuk kesejahteraan bala pasukannya. Yang dilakukan senantiasa mengajar tata cara peribadatan, serta menjauhkan para angkara murka, mendekatkan orang-</p>

<p><i>saged hangecani manahing [78] kawula. Tuwin anggelaraken tata krami. Yen sandhap boten kenging dipun andhapi, yen inggil boten kenging dipun ungkuli. Amirahaken dana, lumintu sadinten-dintenipun. Sarta anglangkungi santosaning panggalihipun. Yen sampun kapesthi ing karsa datan saged ewah. Lampahing pangadilan anindakaken 'sama beda dana dhendha'. Yen wonten wadya ingkang kalepatan kapatrapaken ing paukumanipun. Yen sampun lajeng kaluwaran.</i></p>	<p>orang yang baik, bisa mengenakan hati rakyat. Serta menggelarkan tata krama. Jika rendah tidak bisa dilebih-rendahi, jika tinggi tidak bisa dilampaui. Memurahkan derma, mengalir setiap hari, serta sangat kuat hatinya. Jika sudah ditetapkan dalam kehendaknya tidak bisa berubah. Jalannya pengadilan menjalankan sama beda dana dhendha. Jika ada pasukan yang bersalah diterapkan hukumannya. Jika sudah lalu dibebaskan.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Prabu Sah Ngalam Akbar ingkang kapisan. Punika ingkang putra Prabu Brawijaya ingkang kaping gangsal. Angadhaton ing Demak. Jumenengipun kala ing taun [79] sangkala :1440: dumugi ing taun :1445:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'tanuhita' kaliyan 'darmahita'. Tegesipun, remen ulah dhateng kapandhitan, akaliyan remen dhateng para pangadilan. Amurih karaharjaning nagari, tuwin rahayuning wadya balanipun. Inggang kalampahaken tansah amemulang pratingkahing panembah, sarta anebihaken para murka, hanyelakaken para sujana. Saged angecani manahing kawula. Tuwin anggelaraken patraping tata krami. Miwah anglangkungi santosaning panggalihipun. Sarta amirahaken dana lumintu saben dinten. Sarta panggalihipun yen sampun kapesthi ing karsa boten kenging oncat. [80] Lampahing pangadilan</i></p>	<p>[49] Sang raja Prabu Sah Ngalam Akbar yang pertama (I). Itu putra Prabu Brawijaya yang ke lima (V). Beristana di Demak. Bertahta pada taun sangkala :1440: sampai taun :1445:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita</i> dan <i>darmahita</i>. Artinya, suka berolah pada kependetaan, dan suka pada perihal pengadilan, demi untuk kesejahteraan negara serta selamatnya bala pasukannya. Yang dilakukan senantiasa mengajar tatacara peribadatan, serta menjauhkan para penjahat, mendekatkan orang-orang yang baik. Bisa mengenakan hati rakyat. Juga menggelarkan perilaku bertata krama, serta teramat sangat kuat hatinya. Serta memurahkan derma, mengalir setiap hari. Serta hatinya, jika sudah ditetapkan dalam kehendaknya, tidak boleh menghindar. Jalannya pengadilan</p>

<p><i>anindakaken 'sama beda dana dhendha'.</i></p>	<p>menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Kanjeng Sultan Sah Ngalam Akbar ingkang kaping kalih, ingkang putra Kanjeng Sultan Sah Ngalam Akbar ingkang kaping pisan. Jumenengipun kala ing taun sangkala :1445: dumugi ing taun :1447:</i></p> <p><i>Pambeknipun 'tanuhita', ('darmahita'), 'samahita'. Tegesipun, karem ulah kapandhitan kaliyan ulah pengadilan, akaliyan tata krami. Amurih karaharjaning praja, tuwin rahayuning wadya balanipun. Inggang kalampahaken anggung memulang pratingkahing pangadilan sarta anebihaken para murka, hanyelakaken para sujana. Tuwin anggelaraken patraping tata krami. Sarta saged angecani manahing sasami. [81] Yen sampun kapasthi ing karsa boten kenging kaewahan. Sarta amirahaken dana lumintu saben dinten-dintenipun. Miwah anglangkungi santosaning panggalih. Yen sampun kapesthi ing karsa boten kenging oncat. Lampahing pangadilan anindakaken 'sama beda dana dhendha', awekasan paramarta. Kadosta, yen wonten wadya ingkang kalepatan, ing sanalika kapatrapan ing kalepatanipun. Yen sampun luwar ing paukumanipun lajeng kaaksama.</i></p>	<p>[50] Sang raja Kanjeng Sultan Sah Ngalam Akbar yang ke dua (II), putra Kanjeng Sultan Sah Ngalam Akbar yang ke satu (I). Bertahta pada taun sangkala :1445: sampai taun :1447:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita (darmahita) samahita</i>. Artinya, gemar berolah kependetaan dan olah pengadilan, serta tata krama, demi untuk kesejahteraan kerajaan serta keselamatan bala pasukannya. Yang dijalankan senantiasa mengajar tata-cara pengadilan serta menjauhkan para angkara murka, mendekati orang-orang yang baik. Serta menggelarkan tatacara bertata krama. Serta bisa mengenakan hati sesama. Jika sudah ditetapkan dalam kehendak tidak boleh diubah. Serta memurahkan derma mengalir setiap hari. Serta teramat kuat hatinya. Jika sudah ditetapkan dalam kehendaknya tidak boleh menghindar. Jalannya pengadilan menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>, akhirnya <i>paramarta</i> (pemaaf). Seperti, jika ada pasukan yang bersalah, pada seketika dihukum atas kesalahannya. Jika sudah keluar dari hukumannya, lalu dimaafkan.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Kangjeng Sultan Sah Ngalam Akbar ingkang kaping tiga. Punika ugi putranipun Sultan Sah Ngalam Akbar kapisan,</i></p>	<p>[51] Sang raja Kanjeng Sultan Sah Ngalam Akbar yang ke tiga (III). Ini juga putra Sultan Sah Ngalam Akbar pertama, beristana di</p>

<p><i>ngadhaton ing Demak. Jumenengipun kala ing taun [82] sangkala :1447: dumugi ing taun :1480:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'tanuhita' 'samahita'. Tegesipun karem ulah kapandhitan, akaliyan remen ulah tata krami. Inggang kalampahaken anggung memulang dhateng wadya bala, kinen sami anetepi pratingkahing panembah. Sarta kawiyang-wiyang wijining agama-nipun. Nadyan Kangjeng Sultan Sah Ngalam Akbar piyambak inggih anetepi ing panembah. Manawi boten anetepi dhawuhing nata, lajeng kaplaksana sarta kagantungan paukuman. Manawi angestokaken ing panembahipun, kagantungan ganjaran. Amargi Kangjeng Sultan Sah Ngalam Akbar anetepi 'ber budi bawa laksana'. Tegesipun anggung anggaganjar angula wisudha ing wadya balanipun. [83] 'Bawa laksana' hanetepi pangandikanipun. Inggang sampun kawijil boten kening oncat. Utawi merang yen tan kalampahan. Lampahing pangadilan taksih anindakaken 'sama beda dana dhendha'. Patrapipun kados inggang sampun kasebut ing ngajeng wau.</i></p>	<p>Demak. Bertahta pada taun sangkala :1447: sampai taun :1480:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita samahita</i>. Artinya, gemar berolah kependetaan dan suka berolah tata krama. Yang dijalankan senantiasa mengajar kepada bala pasukan, disuruh semua menepati tata cara peribadatan. Serta dikelompokkelompokkan benih agamanya. Walau Kanjeng Sultan Sah Ngalam Akbar sendiri juga menepati pada peribadatannya. Jika tidak menepati perintah raja, lalu ditangkap serta diancam hukuman. Kalau menepati peribadatannya, dijanjikan anugerah. Sebab Kanjeng Sultan Sah Ngalam Akbar menepati <i>ber budi bawa laksana</i>. Artinya, senantiasa memberi anugerah memberi jabatan bala pasukannya. <i>Bawa laksana</i>, menepati perkataannya. Yang sudah terucap tidak boleh menghindar. Atau malu jika tidak terlaksana. Jalannya pengadilan masih menjalankan <i>sama beda dana dhendha</i>. Tata caranya seperti yang sudah disebut di depan tadi.</p>
<p><i>Panjenenganipun nata Kangjeng Sultan Hadi Awijaya ing Pajang, inggang putra Kyai Ageng Kebokenanga ing Pengging. Ngadhaton ing Pajang. Jumeneng-ipun kala ing taun sangkala :1503: dumugi ing taun :1536:</i></p> <p><i>Pambekanipun 'tanuhita' 'darmahita' 'samahita'. Tegesipun, karem</i></p>	<p>[52] Sang raja Kangjeng Sultan Hadi Awijaya, di Pajang. Putra Kyai Ageng Kebokenanga di Pengging. Beristana di Pajang. Bertahta pada tahun sangkala :1503: sampai tahun :1536:</p> <p>Perwatakannya <i>tanuhita darmahita samahita</i>. Artinya, gemar berolah</p>

*ulah kapandhitan, remen purwita kaliyan amumuja, miwah tata krami, [84] tuwin pengadilan.*

